kalih-kalih anmas anéng pungkur.
5.

/32b/Bek dénning nawaratnaddi,
Nrepatti wus munggwing manimaya,
singhasanna swarnna ratna,
asanding sang parareshi,
prasama atatta lungguh,
mwang sang paradi-mantriya,
mukya sira Kriyanna Patih,
Sri Naréndra alon amuwus. 6.

/32b/ Singgih Sang Sri Maha-/
muni paran kunang,
aywanning lumampah,
apti amungkur gunung,
prapténg Kaddéri,
anglamar siranak ira,
Sri Ummaraja sumawur,
singgih Sang Sri Natta bangiwén/
ikang ari,
wisnwacandra sukla ring bayu,
asujin-ya sitangsu. 7.

Suka Sri Narapatti tur angu-/
cap,
Apatih Jayastra,
sira Dmung Jayéng Panggrus,
Tumenggung Surajatti,
sira kapo lumampaha,
rong atus swa swa dwa andulur,
wawannen iréka,
ginantang ing mas manik,
ndan Sang inujaran anuhun,
/33a/ aluwaran Sang Ahulun. 8.

Ndah tan koningé dina latri,
Rakriyan Apatih wus lumampah,
wétning asambawa pinaran,
lakwanni sashashih,
Sri Naréndra Deha winuwus,
sinébha siréng pangastriyan,
dén ing paradimantri,
ri sor ing pinda-pinda tummayung.
9.

Sumanding sang parareshi,
Sri Naréndra sigra ngucap,
ih paran kalingan ing sarat,
duran pwa sutrepti,
sira Mpu Danghyang sumawur,
lwir tan shihan ing yang,
ri jeng Sri Narapati,
angdani sun-ya ikang negghantun.
10.

Duh samma hakna singgih Sri/
Naréndra,
aywa warang nalla,
wétning muka durus,
mné yan pinisinggih,
aywa Ta Sri Naranattha,
bittann-yéng wadu kadurus,
anamtamming tamah,
luh iya kaprem tandeling,
yaryulah ing bala sugunna ayu,
/33b/ tan wun abalikéwuh. 11.

Mneng Sri Narapati rumaséng/
nalla,
surasha Sang Dwija,
kancit ri pasar umung,
kang otusan prapti,
angling Sti Naranatta,
Apatih sira umtur,
Ké Apatih nembah,
amwit pwa ya umijil,
tumanduk kang otussan gumuyu,
sira Patih amuwus. 12.

Kamayangan kaka prapti,
liwar sukanning twas ingwang,
lwir trenna taru-latta ruksha,
linawad ing riris,
sang inujaran gumuyu,
sira anglarappanna,
marek ing jeng Bhupatti,
sang inujara sigra lumaku. 13.

Wus matur ring Sri Bhupatti,
lan konnen mérénéha,
sira Rakriyan Patih prapta,
angling Sri Bhupatti,
parekka lungguh siréku,
Rakriyan Nnapatih marekka,
mendek sirawot-sari,
tur angling singgih Sri Maha/
Prabhu. 14.

/34a/Patikbra inutus prapti/
atur réka,
dé Sri rakan nira,
andehih Sang Ahulun,
usaddanning branti,
siranak Paduka Natta,
Sang Natta asmu guyu,
kang réka winadar,
asemmitta ngling aris,
duran sambawa ngong nira asung,
jatukraman niréku. 15.

Puniku nitya tinanpti swastan ira,
pramoditéng atmaja,
ntan lyan inamu-amu,
cumadangi kapti,
kaki Indu Krettanatta,
Rakriyan Patih umatur,
dibya ramanniya,
warshajnya Sri Bhupati,
liwar sukatwas patikbra ngrungu,
warsajnyanna Sang Ulun. 16.

Kaya kagunturan manik,
rashanning twas patikbra nyrutwa,
warshajnyanna Sri Naréndra,
angling Sri Ndrepati,
Apatih sira susuguh kuwunni sirayin/
nira,
aluwaran Sri Bhupati,
/34b/paratanda sammamungsir kuwu.
17.

Kuneng sira Sri Bhupatti,
lumaris maréng kamegetthan,
katmu Dyah Candrakéranna,
mwang Sri Praméswari,
Sri Naréndra amuwus,
duh yayi siranak ira,
wus linamar ing Kling,
ndah ta téki pasung Sang Prabhu.
18.

Aywa sira walang ati,
wétning jatungkraman nira,
sira Dyah Candrakéranna,
Sri Praméswari angling,
ainggih sajnya Sang Ahulun,
nora wirang ing citta,
saswanna Sri Bhupati,
suka sira Sri Mahaprabhu. 19.

Sira Liku éwa angapi nora/
ana,
stanning anak ira,
wétning wimoha kadurus,
kedwapti piranti,
wishirnnanning Ndrepaduhitta,
yatta cinipta syang-dalu,
ndah tan kawarnnaha,
us ana panca lattri,
prabatta Sri Naréndra umtu,
ring pangastriyan alungguh. 20.

Pepek sang paradimantri asa-/
nigga,
/35a/sira Patih wus prapta,
awotsari umatur,
singgih Sri Bhupatti,
patikbra amit Pangéran,
ring jeng Sri Wiraprabhu,
Sri Natta angucap,
lah iya Kriyan Apatih,
wawanen kang rékka puniku,
balessan ing Sang Prabhu. 21.

Sinungan Arakriyan Apatih,
anglung angga mupakshamma,
kinarakalih tur anembah,
muhun patik-aji,
anduli sira lumaku,
ndah tan kawarnna ring awan,
kuneng Sri Narapati,
aluwaran saking manguntur. 22.

/35a/Wus prapténg dalempuri,
pinapag ing sopacara,
dén nira Sri Patni-anyar,
niranut ta linggih,
gumuyu sira Sang Prabhu,
kaya noranéng nala,
soka sumeng nirtrepti,
nirupékshan nira tikang tanu. 23.

Sri Patni-anyar tan sipi lwih/kabaran,
sigra amét mayas,
inenan pwa yaracun,
suksma angdani,
/35b/winadah anna nampan mas,
katrin-ya wong amundun,
samma ngawwa nampan,
wus winkasnning kapti,
angdani tumut sutan néréku,
asma angmassi antu. 24

Ndah tanna sari lumaris sigra/prapta,
ring sira sang pinaran,
kahaddang ta sira angub,
sor ing kamuning,
kang otussan mendek anembah,
matur yén sira Sang Liku,
amuspaken mayas,
Sri Garini angling,
surupa kang mayas siréku,
kinaran tur pinupu. 25.

Tuhu pangdan ing Hyang Widdhi,
kaladésha Ndrepaduhitta,
sumekalaran nira kabaran,
tka rikang pamurddi,
sarwwa sandinn-ya alumpur,
muksah andilann-ya,
niba lara kapatti,
agarawalan kang wong gumuruh. 26.

Dyah Candrakéranna anjrit,
nangis akusah-kusah ring lmah,
sigra prapta Sri Naranatta,
enti maras ing atti,
/36a/nuruhi wira-dudukun,
mwang Sri Parammadiksitta,
sigra samma wus prapti,
lumkas ikang mantra dashabayu. 27.

Nirmala suci atis tkéng/samudra,
washa atmah tikta,
lwir mangka kang dashabayu,
niwwahan pagatti,
antakka Sri Nrepaduhita,
angling Sri Wiraprabhu,
ah paran erihaln-ya,
angdan ing wassyanti,
kang wong prassamma gora umatur,
nayub mayas puniku. 28.

Ah sapasungana iki ikang/mayas,
ndi sangkan parann-ya,
singgih sakéng sira Liku,
mneng Sri Bhupati,
sigra sama ya binuncal,
prakirnna ring lmah dumudug,
prapta sonna amukti,
sukaréng satta itik amupu,
prasammangmassi antu. 29.

Enti krodda Sri Bhupati,
anging kinubda pwa ring cittha,
wétning tumon laréng suttha,
nuli sira angling,
ah Patih kaharep ingsun,
/36b/ mangké pwa ya binuncal,
kang laywan nira yayi,
Kén Apatih nembah tur lumaku. 30.

/36b/Ndyang ana laku durgatti,
wetning subalati-wiryya,
wuwusning sopacara,
kang wong lara wwisti,
DYah Candrakéranna pinkul,
sasambatn-ya mladpranna,
Sri Naranatta angling,
duh nini atmajiwan niringsun. 31.

Tolihanni ingsun hini atmajiwwa,
aywa warang nala,
papareng lara sahumur,
yan tan sidéng kapti,
pjah sang angdan ing kabaran,
nora ngong sukadiprabhu,
pinundut kang laywan,
Radén Déwi anjrit,
nehen pinangku déra Sang Prabhu,
sigra lampah gumuruh. 32.

Umung tangis wong ing puri,
lwiy kabaran,
mbarung swaranning mbrak,
mwang uninning paramanuk,
lwir mimisiki,
kang laywan wus prapténg pancaka,
wuwus putus iya kinubur,
ingideran kembang,
pinager ing nhérawatti,
/37a/ndan Sri Naranatta, andulu,
Ni Lku ya tan tumut. 33.

Muntab krodda Sri Ndrepati,
yaya tankna inampettan,
sigra mangsul maring pagrehan,
kang twek kinanti,
awurwuran kang wong tumut,
sigra prapta ring pagrehan,
inunus tuwek aglis,
apti mjah ing wong mremba-mahulus.
34.

Sira Liku nakgaténg wisthi,
winatek kang spah wus,
wus sinuksma ring karang gulu,
rinerebbam unggwanning spah uni,
Sri Naréndra tumanduk,
mukshah ruktik anggrawanna,
twek tiba rikang siti,
mardawwa ngucap asmu guyu. 35.

Duh mas ingsun DYah Ari atma-/
jiwa,
anti anak ira,
sang inajnyan amuwus,
ring natar manglari,
lintang sukka Sri Naranatta,
wuwus sumilem Hyang Banu,
munggah ring pambraman,
suptaraséng ati,
nuneng sang ing pancakka winuwus,
akundah ring tpin ing kubur. 36.

/37b/Wong ira samma anangis/
dagan nira,
Sang DYah lwir kabaran,
sambat-sambatn-ya umung,
malah sret anangis,
akusah-kusah sire'ng lmah,
mangka lingn-ya amuluh-muluh,
singgih ibun ingwang,
dudutten dén aglis,
sidda sinuddan ing lara antu,
angdan ing sidda apupul. 37.

Duh lalu tan sih ing Widdhi,
amiddayakanning kalaran,
syapa sunghana sumuka,
tinilar ing bibi,
lah duduten jiwan ingsun,
makapanudan ing lara,
duh tingallanna bibi,
jumbuh larangkwan erikang negantun.
38.

/37b/Umung tangisni nagghari,
prasammatumut kalaran,
umyang swaranning ampuhan,
binarung ing walangkrik,
kungkang anembar ing parung,
pring bungmbang muni anarawwang,
prasammanut makingking,
tadaharshasret muni ring taru. 39.

Ring pantaran ing lattri mwah/
rahinna,
anjrah swaran ing satta,
/38a/panyalung long ing mbrak umung,
satawanna anjrit,
lwir anangis milu angarang,
bremara angisep santun,
tumut iya kelaran,
tan mari ya anggring-nggring,
rurun ing puspa lwir gumuntur,
tumut iya alabuh parung. 40.

Udan Niradén Déwi rashan ing/
twas,
wilashan ing kembang,
rurunn-ya labuh parung,
prapti Sri Madéwi,
pinangku sira Rahadyan,
duh mirah atmajanningsun,
dénta liwih klaran,
lalu tan sih ing Widi,
mangké nghong sudda salyan ing tanu,
saduhka bayapupul. 41.

Tuhun kramanning dumaddi,
tan simpang ing suka nastapa,
sipatni-sipatning angegsang,
aywani nigung branti,
lipu-lipun ering tanu,
ri linnan ing ibun ira,
ana Tatwa ri ngunni,
Sri Reshi Wasista manggih uyung. 42.

Satta puttran nira enti,
binakshéng raksha sang sodda,
angdé lara tan shopamma,
/38b/ring Sang Mahayatti,
kedwapti tumutta lampus,
wétning alara kabaran,
mungeng tan wruh ing lari,
aptinn-ya alabuh parung. 43.

Dadya sira labeh-agni tan ka/
daha,
pan sinangganning imma,
tuhu sira umangsul,
wasahamlanting,
rujitta tainikang pasa,
pasa ta atmah banyu,
wasa nibéng jurang,
katub lwir kapuk salempir,
apga twas Sang Mahabikshu,
dérapti pjah tan antu. 44.

Nistha lara tibranti ndah/
tarluhya,
siré kriyanning Dwija,
marmmanning siddéng laku,
mwah Sang Hyang Wrettajit,
sira angudang ing pékat,
liwar déra ngamu-amu,
ri prapta Hyang Yamma,
kang pékat kagyat awedi,
enti krodda Hyang Saptakretu,
sinapa atmahantu. 45.

Wuwus pjah ikanang pakshi,
nalan nira Sang Hyang Sakra,
kedwapti ri uripning pékat,
umarek siraglis,
/39a/ring padda Hyang Mahulun,
mupakshamma paddan ira,
kahurippanning pakshi,
tan waripam wus sambayéng antu.
46.

/39a/ Duh mangkanna lingning/
Aji,
suka-duka ndah tan kinas,
Dyah Candrakéranna ngucap,
duh liwar shih ing bibi,
andamma wong kawlas-iyun,
Dyah Ranten-aji angucap,
malsulla mangké nini,
sun-yan ing pagreha ya dinulu. 47.

Ndah tankonanga lumaris sigra/
prapta,
ana ring pagrehan,
Dyah Candrakérannaturu,
tan mari anangis,
Sri Madéwi sigra prapta,
Rahadén Déwi pinkul,
rinemih anhujar,
kuneng Sri Narapati,
Dyah Ratna-ajeng sira pinunjul,
tan sah pareng alungguh. 48.

Kawarnna Sri Naténg Kling ngapi/
wretta,
pjah sirayin nira,
wus tinibannan eracun,
Ni Liku miranti,
nuli mijil Sri Naranatta,
tinangkil ering salu-agung,
/39b/ Radén Indu prapta,
angling Sri Narapatti,
sirébun ira ring Deha antu,
kinala déséng Liku. 49.

Liwar wlas ingsun kaki,
ring nini Dyah Candrakéranna,
Sri Natta angdoh ing nala,
tinilari bibi,
mangké ta kaharep ingsun,
anggawé anakka-nakkan,
panalimuri kingking,
Rahadé Indunembah anuhun. 50.

Radén Indukrettapatti,
cinitra ring tahullan mas,
sinembur ing ratnamaya,
kinarangan mannik,
wus binungkus dén ing kadut,
tinalinating wnang rakta,
tahulan nékel sawiji,
séla bentar panumbak puniku. 51.

Ingulessan lungsir wilis,
mur déwangga,
rinurubban jingga,
tinhreppanning mas ajur,
rupann-ya nggrawit,
angling sira Sri Naranatta,
Kaki Demung sira lumaku,
wawanen mrantakka,
mun-yan ta ring paminggir,
sira Demung anembah sumuhun,
/40a/ aluwara Sang Prabhu. 52.

Prabatta sira lumaris so-/
pacara,
mrantaka lumarap,
rong atus wadwa adulur,
ndah koningéng marggi,
wingsati kulem lumampah,
prapta ri tpin ing negantun,
gumuruh mbrantaka,
kagyat kang wong Kadéri,
pada nambut sanjatta umetu,
kang otussan lumaku. 53.

Kuneng sira Sri Ndrepatti,
tinangkil anna ring pangastriyan,
parek punang Randa-Rakriyan,
kang otusan prapti,
sira Pangalasan metu,
pinapa siréng laranghan,
Kén Pangalassan angling,
wawu prapta Sri Pangéran. Dmung.
54.

/40a/Sira Dmung angling aris,
duh ngong minta larappanna,
mareki jeng Sri Naranatta,
sang kinén lumaris,
matur ring jeng Sang Ahulun,
angling Sri Naranatta,
konnen ta maréng riki,
sira Dmung prapta awot-santun. 55.

/40b/Duh singgih Sri Bhupatthi/
pathik Bhathara,
kinén atur réka,
dénning raka Sang Ulun,
tinut dantawari,
karwa dulur ana ring krenda,
asmu guyu Sang Prabhu,
wus kinarahitah,
angling Sri Narapatti,
kaki Dmung sira asusuguh,
sira Dmung nembah anuhun. 56.

Aluwaran Sri Bhupatthi prap-/
téng pura,
alungguh ring mandapa,
angling sira Sang Ahulun,
suruhanna bini,
Dyah Candrakéranna wus prapta,
Dyah Ratna-ajeng ring ayun,
angling Sri narendra,
Ratna-ajeng rimihin,
sliranna dantawari binungkus,
pasung ira Sang Prabhu. 57.

Dyah Ratna-ajeng sumeli,
katon dummilah mamungkusn-ya,
yata ya sigmah ing alap,
enti girang ing atthi,
angling sira Sang Ahulun,
noni Candrakéranna,
sirangalappanna iki,
/41a/Dyah Kandrakéranna asmu uyung.
58.

Sigra ngucap Sri Mahadéwi,
aywa nini warangnala,
sapasuruh Sri Naréndra,
aywa walang-atthi,
wus sinambut kang binungkus,
luméngsér ring mandapa lor,
ginubar bungkusn-ya aglis,
dantawari kancanna umurub. 59.

Sinembaran dén ing mannik/
ratna-maya,
apanumbuk mirah,
réka ring sor puniku,
winaca ring atthi,
duh nini Dyah Candrakéranna,
yéki citran ing kakang iku,
rowang ing kelaran,
saparan nira nini,
makka panglipuran cittra,
sampun siragung uyung. 60.

Mangka ling ikang rerepi sira/
Sang Dyah,
sinuksma ring nala,
Dyah Ratna-ajeng anulu,
tumuli gipih,
angamét anak-anakkan,
bungkusn-ya dumilah murub,
sampun linukaran,
nékel kang dantawari,
/41b/pinapagghi watu mwang bubur,
orem warnna puniku. 61.

Dyah Ratna-ajeng anangis,
tan suka rinak-anakkan,
winales dén ing sopacara,
sira Dmung anampéni,
amit sira tur lumaku,
ndah tan kawarnna ring awwan,
Dyah Ratna-ajeng winarnni,
madengki arsha angulung-ulung.
62.

/41b/Dyah Candrakéranna inung-/
si,
singgih dén sihan nira kaka,
ngoruppi ana-anakkan,
sira wruh ing Aji,
ngong raré mahapunggung,
suka mangkunak-anakkan,
Dyah Candrakérannangling,
sun séshanning sinelir puniku. 63.

Mangké sira kedwahapti ngoru-/
ppanna,
punnang putra-putran,
ndah tan suka ya ingsun,
sang milaku nangis,
tur mara ring sirébun nira,
sira Liku amuwus,
lah menengha sira,
wong ika shih ing Widdi,
lintang shih ira Sang Mahaprabhu,,
/42a/asambawwa puniku. 64.

Karungu déra Ndrepati ikang/
ujar,
kaya piniringhan,
wétning gunna sumaput,
ulangunning buddi,
sinaputting kamma dursila,
gadgadda sira tumurun,
ambawwa cipakkan,
Dyah Candrakéranná nungsi,
duh nini nak-anakkan puniku,
sungana ya puniku. 65.

Kedwa tan pasungha nini,
ngong apti nglumpunganna sira,
tan pawéni sira lumarap,
Sang Dyah lara nangis,
masrek ing waspa tumungkul,
pgat-pgat dénn-ya angucap,
yan tan sih Sri Bhupatti,
ring wong lara ndah tan pahibu. 66.

Becik pjah ana dén aglis,
sigra katmu ring pitan ningwang,
yan sampun ingsun antaka,
alap kang dantawari,
mangka lingn-ya maluh rempuh,
ndah tan awlas Sang Natta,
sigra sampun ginunting,
wran ing wéni sugandann-ya marum.
67.

6
/42b/Gumingsir Sri Bhupati/
tan ana welas,
ri siranak ira,
wiséshan ing gunnanaput,
Sang Dyah anangis,
akusha-kushah siréng kemah,
Sri Mahadéwi ambul,
jumbuh laran nira,
lalu tan sih ing Widdi,
dén iranmu lara lwir guntur,
ngong apti tumut lampus. 68.

Pawongann-ya anangis akusah-kusah,
tandruh réhan nira,
Twan Déwi tan sah pinekul,
tan mari anangis,
sambat-sambat amladpranna,
duh Déwahatmajiwan ningsun,
paran polah ira,
suka mangké gumingsir,
wran ing késarjja wuwus pinupul,
ring saluha mmapupul. 69.

Rahadén Déwi anangis,
aptin nira umintara,
pgat-pgat dénn-ya angucap,
tuhu bibi ashih,
mangké ta ingsun amuhus,
satibaparan ing lampah,
/43a/Dyaktu atmah patti,
suka ingsun amegil ering gunung.
70.

/43a/Anangis Sri Mahadéwi,
sun tumut saparan ira,
dadyan teka ring antaka,
papareng wasyanti,
pawongan nira ya tumut,
wuwus nira abyagattan,
aningset bhranda jatti,
sopacarann-ya wuwus pinupul. 71.

Ring Tumerus umijil lampah/ira,
norana wikana,
sok Rakriyan Apatih wruh,
aptin-ya umiring,
sampun anuruh ing wadwa,
amemengi sira lumaku,
anut lampah Sang Dyah,
kuneng Rahadén Déwi,
wus adoh déra lumampah musup,
ring pringga jurang trejung. 72.

Alesu Radén Déwi-anyar/lumampah,
wétning atimbira,
araryyan ering sor ing ungu,
washa njrih anangis,
akushah-kushah siréng lemah,
Sri Mahadéwi amigul,
/43b/duh mas mirah ingwang,
liwar tan sih ing Widdi,
ndi sangkannan tan anmu ayu,
Radén Déwi kahantu. 73.

Wong ira samma ananghis,
amkul paddasi kantakka,
sesambat amladpranna,
duh Déwwa sang alalis,
agé anglilir Pukulun,
tulu shih ing wong klaran,
Sri Mahadéwi anjrit,
sambat-sambatn-ya anggras ing tanu. 74.

Duh mas ingsun sira nini,
anglilira atmajiwwa,
paran polah sira mannira,
suka angemassi,
lah dudutten dén asru,
sidda suka anastapa,
papareng sira nini,
kang wong anangis umyang gumuruh. 75.

Pring bumbang umuni aris/anarawang,
lwir milu kalaran,
walangkrik muni ring parung,
kungkangn-ya anitir,
tabang-tabang anarawang,
sumyok ing camara gumuruh,
ring lambung ngecala,
lwir tumut makingking,
mangké praptang pawanna tumempuh,
/44a/Sang Dyah sinusur ing tanu. 76.

Anglilir Radén Déwi angusapwa/waspa,
tur aminta sdah,
Sri Mahadéwi amkul,
tulu shih ing Widi,
mangké inudanan amrettha,
twas ingsun sira mahungu,
suka kang pawongan,
mangké mukshah kang wengi,
unin ing satta karunna umung,
sattawanna anembur. 77.

Brahmara umung ring sari,
rurun ing puspa tan pantara,
anukanning twas ira Sang Dyah,
Rakriyan Patih prapti,
marekking Rahadén Galuh,
Sang Ahayu angucap,
mangké prapta wwa Patih,
patténnana ingsun dénta asru. 78.

[44a] Do sangkwatilar negari,
jumbuh ing lara kérang-irang,
suka angemasan apjah,
tan sih Sri Bhupati,
sira Kriyan Patih tumungkul,
sarorwan tangis angucap,
jarum ing pora prapti,
pindrih ing nalla nuhun Sang Ulun.
79.

[44b] Dyastun angemassi pati ndah/
tan wiyar,
ring suka nastapa,
anut ering Sang Ulun,
angling Radén Déwi,
duh tuhu ashihan nira,
ring wong malar akawlas-iyun,
ri kedwahan damma,
mangké pareng lumaris,
ri wus sira samma asusuguh,
adandan sira gumuruh. 80.

Ndah tan koningha ri marggi lampah/
ira,
prapténg wannacala,
panjrah ing sarwwa puspa rum,
pan kadang pantaranning,
asuji awor ing kartthika,
puspitthann-ya njrah sumunung,
ri tirah ing awan,
brahmara nggrang-anggringgring,
rurun nikang puspa gumuntur,
lalittanguddang madu. 81.

Sulaket mwang gundi-kkasih,
kalakshonna mwang puspa nindra,
anjrah ri tepin ing katyaggan,
tundakkasehen sari,
kembang ranginbra sumunung,
katon lwir giri pawwaka,
mara wira ring pinggir,
[45a] mandalikawor ing raratuntun.
82.

Dosha mwang tangguli gending,
malatti ring sitamboja,
lungning jangga ring wyala puspa,
ruminggring asari,
Rahadén Galuh andulu,
ginuya lwir anambramma,
mattra sukanning ati,
wong ira samma amupu santun. 83.

Wus adoh déra lumaris ana-/
lasar,
munggwing pringga jurang,
sun-yéng walut lumaku,
asembawa wisti,
wus prapti ring kananawéla,
sampun surup Sang Hyang Banu,
kang séla-nayanna,
ring sor ing waringin,
angudodda ngisapwan tang watu,
araryyan Aradén Galuh. 84.

Tuhu ikang waringin-agung/
sakawwan,
ri sorn-ya awiyar,
pangnn-ya agung aluhur,
rumembé ring siti,
tumlung awor ing karayap,
kang tangkil milet umendung,
sumabanning satwa,
ulalumeng kumawit,
singha barwang wyagghra lumaku,
umung swarann-ya angelur. 85.

[45b] Kang wong prasamma aweddi,
angrungu swaran ing mreggha-natta,
apupul ering sor ing wandira,
kuneng Radén Déwi,
swapna sira aturu,
prapta Hyangning grehan nira,
norana anghawruhi,
tur angling nini swakulan ingsun.
86.

/45b/ Dén wruhanta sira nini,
ingké namma kutta wandira,
wnang anggawé pasanggrahan,
aywa atiwar nini,
unggwannanta akukuwu,
sidda prayojanan nira,
yadyan arupalaki,
sebentar laranta ya linuhung. 87.

Neher mukshah Hyangning puri/
umor ing rajya,
awan ing gaganna,
Radén Déwi mahungu,
tur angling aris,
ih syapamujari ringwang,
Sri Madéwi amuwus,
nora wong angucap,
liwar sun-yan ing lattri,
ludnawa migulem kang kawuwus,
norana wong mahungu. 88.

Mneng sira Radén Déwi kawar-/
nnaha,
gumantya rahinna,
/46a/ panyalulon ing mrak umung,
kang manuk akwéh prapti,
anacar woh ing wandira,
pudangan mwang uru-uru,
tumut an-ya bretta,
silanjana pakshi gending,
lika-lika mwang banggras sipelung,
kang wong suka andulu. 89.

Rahadén Déwi angling,
uwwa Patih kaharep ingwang,
ingké angawé pasanggrahan,
niratiwar ing réki,
pattin ing wong akukuwu,
dén anut kotta éng nagara,
catur ikang wwaringin,
tan lén ering pasar-agung dinunung.
90.

Tunggal kang lirang lumaris,
amreppadu ring catuspatta,
gangga udaka ring aérsan-ya,
makaddi udyanni,
malih agungn-ya puniku,
ya ta umanjing ing pura,
Rakriyan Patih misinggih,
sahasra wadwann-ya tur lumaku. 91.

Sigra pwa ya lumaris anna-/
lasar,
ana mrang bambuhan,
wanéh madung taru-taru,
ananggripta siti,
anggratta galeng-galengann-ya,
/46b/ amibab kang unur-unur,
wus kinarang-karang,
unggwan ira anggrawit,
lulwi ya mangun laléyan aluhur,
ikang pakuwan mahungu. 92.

Tan koningéng dina latri ama-/
haywang,
ana agni candra,
prasammawuwus putus,
tka ring udyanni,
tumut iya rinejeran kembang,
ana salu jronning rannu,
pinanggel-panggellan,
rupan ira anggrawit,
liwar sukan nira Sang Ahayu,
anon Arajya wus putus. 93.

Ring retwan ing ari mwang/
ratri,
Rahadyan umaring pangengwan,
ring udyani ganda puspa,
kusumann-yaseh sari,
Rahadén Déwi jumujug,
ring kantanning rawwa-rawan,
ingut kattah éng sari,
liwar sukanning twas lwir sinuguh.
94.

/46b/Adyus sira Radén Déwi,
ri wus nira anunggar romma,
sinuwaranning payassan,
katon kang wiwarnni,
romma mletuk kang ginumpung,
/47a/kumenyep sira ring nala,
apti akendit laki,
tur angling Kabayan sira lumaku.
95.

Pamétana anggyan laki sopa-/
cara,
Kén Bayan lumampah,
wus prapta ya ringngsuk,
rupan nira nggrawit,
adodot pwa ya sutra kembang,
apaningset lungsir murub,
kampuh sutra-syamma,
tinrappan ing mas-adi,
apinggel kanakaro sumunung,
mapanekes lungsir ungu. 96.

Wong irasmu guyu angling,
tuhu warnna pakan nira,
winimbann-ya rikang cicitran,
anut ering dantawari,
Sang Dyah mésemmasemu guyu,
mangké dén ashiha sira,
tumut abawwa laki,
silin ing anembah asmu guyu. 97.

Mangsul sirra Radén Déwi,
Sri Madéwi kapapag,
asmu guyu angling,
tuhu sirapti anulus,
pantes anggrangsuk ing bhushanna,
atut anungkellang kris,
Radén Déwi angucap asemu guyu.98.

Kaharep ingsun bibi tan ka-/
gindalla,
anggrangsuk shopacara,
wijnyéng kakung pinupu,
wétning manghamulat ing suputra,
tan pawéni,
malar-malar shihan ing Iyang,
suddan ing ajnyayéng panggrus,
yata ya ginuya,
/47b/Sri Mahadéwi angling,
Radén Panjismirang namman niréku,
rawong ira adulur. 99.

Kén Bayan anami Mahisha-Ruditta,
wétning taméng gitta,
Sanggit Kuddawira iku,
tuhu anut kapti Kborancanna Kén/
Pasiran,
Panunengan Lembuhépuh,
tan doh sira kembar anamma Wiro-/
dangding,
mangka lingn-ya tumut Arahadén/
Galuh,
sampun asalin buku. 100.

Radén Panjismirang angling,
Rakriyan Patih mérénéha,
kaya kamagghan mulat,
ringsun abawa laki,
duh singgih kapuhan ulun,
Misharuditta angucap,
singgih pagurwwan mami,
susunglappan kang bhawa puniku.
101.

Wétning anyar anandang ikang/
bhushanna,
aképut linakwan,
sidda sinudanning tanu,
dén lampah umiring,
/48a/sira Kriyan Patih angucap,
atut bini ujar iréku,
wétning bawan nira,
baya shihan ing Widdi,
suksman ing twas ingsun andulu,
Sang Apanji asmu guyu. 102.

/48a/ Duh tulu nuksma ring ati/
lampah ira,
ndah tan agendala,
sida umangun kuwu,
kayéng kotta negari,
sopacaréng Rajya ring Deha,
tan anna susuri ring laku,
sidda prayojanna,
ingsundah tan wismreti,
malar sudda shih Sang Hyang Mahulun,
moga ta ya amunpun. 103.

Mangké mantuk sira Patih,
alamma munggwing kananna,
dén tulus ashihan nira,
ring rashyanning buddi,
tan kacihnan solah ingsun,
dén nira Sri Naranatta,
siddani amengku-bumi,
ingké kutta-waringin winuwus. 104.

Aumawur Rakriyan Apatih,
duh singgih Sang Hyang Susuhunnan,
ampunnana patikbhathara,
atilar negari,
sumuhun padda Sang Ulun,
Radén Sembirang angucap,
nir swarta ujar réki,
angendan ing téla ring lakun ingsun.
105.

/48b/ Aywa sira walang ati ring/
sacandra,
praptang cara nila,
amngi kapwa lumaku,
asung tadah mami,
sira Kriyan Patih anembah,
ambuhun tur lumaku,
tumut sanak ira,
ndah tan kawarnéng lari,
Radén aluwaran tumut sampun sirem/
Hyang Banu. 106.

Tan koningéng dina latri la-/
mman nira,
kwéh wong mara-désha,
sumuku ring Sang Prabhu ,
wétning shih ing Widdi,
tan mari praptan nikang wang,
binatang ing singhashantun,
akraha ngatpadda,
sama sukka sutrepti,
mangké anna sahasra walu,
kang wong samma sumuku. 107.

Sapta warsha lamman iréki,
sutrepti ikang negara,
kang wwahwan anebap,
kusumaseh sari,
sawah-sawahn-ya alumung,
wreddi tanemming jenggala,
witales mwang kumali,
kang wong prasamma,
suka amupu. 108.

Praptang sitangsu asuji,
/49a/ Rahadyan sira wus ayas,
mijil ana ring pangastriyan,
ring wijil ping trini,
sor ing pinda-pinda tumayung,
alunggwing séla neyanna,
pepek kang bala prapti,
Rahadén Panjismirang amuwus,
109.

Duh Misharuditta ikki selira-/
nna,
kang wong kapracaya,
anut warnna ring serut,
menggalanning jurit,
sang liningan mendek anembah,
ainggih ampunnana Pukulun,
tarwruh ring awidya,
iku kang wong abecik,
soca dumilah pitta malunyut,
Patih Jayastra puniku. 110.

[49a] Kulon iku wong becik,
roro atut rupan ira,
socann-ya samma gung awiya,
mimbagung alincip,
sammagung banda alemuh,
wéninn-ya makas agimbal,
Dmung Ulugérang anammi,
Tumenggung Mangku Bhumi winuwus.
111.

Sampun sira sinung linggih/
ring mandapa,
Kudda Prawirangucap,
[49b] iku kang munggwing kidul,
rupann-ya abecik,
agung abadda washann-ya,
kang susuk wlar abengkung,
nétrann-ya bang ya waryar,
anamma Wiréngkapti,
akwéh kang wong sinliran puniku,
prasamma sinung lungguh. 112.

Pinégghang sahasrawiji Bahudanda,
atussan kinandang,
sampun samma sinung lungguh,
winekas ing kapti,
samma nuhun ring ajnyan ira,
aluwaran Sang Abagus,
wusn-ya salin warnna,
tumut tinembang Kadéri,
wétning samma pindah aran iku,
mangké asalin pupuh. 113.

## IV. PUPUH KADÈRI.

Wi.
Winarnna Sri Bhupati,
munggwing wannacala,
wira sutrepti,
lintang shih ira,
sira Sang Hyang Giri-putri,
tuhu purwwaning,
rasha sira sang anwam,
ndah tan pingging,
ngutpetti sira Hyang Ümashih,
siddan ing rasha ginugon. 1.

Lintang luwih ing puri,
maluhur kang gopura,
[50a] ngres ing ati,
sapta ganti dwarann-ya,
prapténg puri,
ngunggul kang panti,
maluhur misréng wiyat,
rinéka ta ya tinumpya,
tuhu inukir,
cinitra citréng parawon. 2.

Atepn-ya dumilah,
rinékarjja,
linumba-lumba larapn-ya,
kumenyar lwir péndah kilat,
kalanning cétra,
tinon larapn-ya,
anggras ing ati,
sumunung lingir mudda,
tuhu angrawit,
pranah ira,
umupakshamma,
ring padda Hyang ing ukir,
rurun ing Bampah ira,
ndah tan katamman gingsir. 3.

/50a/Radén Panji-Sumirang,
angattadda,
sira Hyang Suksma,
sopacaréng rasha,
pratista sudda,
suddéng adwaya,
adwayajnyanna,
pinretisthéng ati,
pinupul sidéng ajnyanna,
angarasmreti,
alaraddan,
maring mandapa,
awan nira umijil,
sopacara wus munggwing arsha,
adan lumaris. 4.

/50b/Prapti ring Yawindrapati,
umungguh ring mendapa lor,
pepek baladiwarggha,
alungguh apadapa,
polah ira anggrawit,
Sang Apanji asmu angling,
Misharuditta kang iku,
baletan ing Rajya pwa ya rinéka/winarni,
sayojanna,
sakéng pura. 5.

Misharuditta ngling aris,
Apatih lumakwa ngalor,
dé yatnaha ring lampah,
mangun baletning kutta,
pintu-agung unggwanin,
makadalanning wong lumaris,
dé yatna akmit ering pintu,
sarupan ing wongé lumarap,
aglis tangkepin,
gawwa maréng jro pangastriyan. 6.

Sira Tumenggung lumakwa ngulon,
kaki Dmung angétthan,
Radén Aryya mangidul,
prayatna lumampah,
sampun walang atthi. 7.

Amit sira sang winekas,
prasamma lumampah,
aluwaran Sang Ahulun,
sira sang lumampah,
wuwus prataméng gatti. 8.

/51a/Noranna karyya durgatti,
wétning shih ing Widdi kawot,
wusidéng prayojanna,
amangun baletning pura,
dwaran-yagung anginggil,
tunggal juga dalanning lumaris,
noranna irikang lurung,
amarapit unggwan ing ajaggha,
ndah tan gingsir,
angadang awong lumarap. 9.

Wong ing Kling akwéh prapti,
aptin ira alalakon,
maréng bumi Deha,
samma kagyat anon dwara,
noranadalan lumaris,
akwéh kang wong akemit,
parek sira-tur amuwus,
ih paran marman ing akmitta,
ana ring margi,
kang wong prasamma angucap. 10.

Aglis dén tangkeppanna,
wong ing Kling kalaran,
sigra wus kahatur,
ring jeng Sang Anwam,
Prasamma ya hatur bhakti. 11.

/51a/ Sira Tumenggung labdakaryya,
atussan wong lumarap,
rinujag anungkul,
wadwé matawan,
51b akwéh atur bhakti. 12.

Ana malayu agipih,
apti mareki Sang Katong,
kuneng Sri Naranatta,
pinarek siréng pangastriyan,
pepek sang paramantri,
kancit anna wong prapti,
anamma Si Wiradyutta,
winikes pupuná karo,
mareki Sri Bhupati,
umatur yamendek anembah. 13.

Duh singgih Sri Bhupati,
pathikbra atur ring Sang Katong,
kahula pakan nira,
akwéh kinala-désha,
dén ing wong kutta-Waringin,
wonten rong-atus laki-stri,
mangké wonten Rajya kasumbung,
atisoba sira ring alas Adipati,
Rahaden Panji Sumirang. 14.

Angling Sri Naranatta,
paran doshan nira,
noranna Pukulun,
aptiné lumampah,
marahéng Bhummi Keling. 15.

krodda Sri Naranatta,
kon anembang pangarah,
Apatih mangkat asru,
mangké brastakna,
sawong ing kutta Waringin. 16.

/52a/ Kén Patih anembah amit,
kang balakwéh papa-layon,
abablek ing marggha,
sregep sopacaréng yudda,
Rakriyan Patih angling,
mangké mangkat ta dén aglis,
ri kutta Wandira anglurug,
nuli mangkat sanjatané lumarap/
angresyati,
gumuruh punang mredangga. 17.

Sira Dmung rimihin,
lan Tumenggung Wirabuwong,
wadwan nira asinang,
sira Kriyan Patih tumut,
Ndrepati munggah ing asthi,
kang bala kakyati lumaris,
jagabéla kumusup krepek ing/
rangin,
apagut lan krecik ing watang/
agatik,
prapta ring Jenggala-wiyar. 18.

Kuneng sira Misha-Ruditta,
gipih umarekka,
ring jeng Sang Ahulun,
singgih mas Pangéran,
punang sattru akwéh prapti. 19.

Mangké munggah ring Jenggala,
apti amreppanna,
angling Sang Abagus,
aywa sumangshaya,
/52b/ lawanen dén aglis. 20.

Anembang pangarah aglis,
abablek prapta ikang wong,
Misa-Ruditta angucap,
dén aglis umangkatta,
sira Dmung angarepi,
lan Tumenggung Wira Patih,
gumurh prasamma lumarap,
tan wibajyanning wong alalakon,
anggrassi ati,
wus prapta siréng payuddan. 21.

/52b/Wong Mentawan agya tanding,
sampun atingkah lalakon,
kadi uraggha amangang,
aptin-ya amangsanara,
prapta wong kutta Waringin,
lwir Késari arep amukti,
amreppanna sawong Wira-mentawan,
ring lebakkwa dwa adudon,
apti amgatti,
lakun ing amaracidra. 22.

Mahisha-Ruditta atingkah,
sopacaréng yudda,
tumut Si Tumenggung,
mwang Wira Demmung,
Rakriyan Patih anggarepping. 23.

Rahadén Panji Smirang,
praptasah aratta,
munggah ring geger angunggul,
/53a/akon wadwan ira sigra paksa/ambreppi. 24.

Kang surak awanti-wanti,
gumuruh tan paparungon,
kendang gong asawuran,
gending gubar asimban,
garjjitta samma ambreppi,
sigra ya atangkep jurit,
akwéh pjah along linongan,
ana nuduk wong karo,
kapisan pjah katrini,
jmur arok sira aprang. 25.

Wadwéng Mentawan gingsir,
Rahadén Aryya tumon,
tur mara marah ing arsha,
angadwaken balan nira,
sigra atangkep jurit,
akwéh pjah wong kutta Waringin,
gingsir méngas ajrih alulunnan,
Rakriyan Apatih tumon,
sigra apti atanding,
Rahadén Aryya pinapag. 26.

Rahadén Aryya angucap,
kamayanga sira,
rupané abesus,
lwir norawira,
Rakriyan Apatih angling. 27.

Ah iya sapa ingaran,
krura rupan nira,
/53b/nora ulappa ingsun,
ring arupa ika,
mangké atanding jurit. 28.

Rahadén Aryya gung runtik,
sira Kriyan Patih kajumog,
ingudannan warastra,
sira Kriyan Patih tan giwang,
anglésha ngdoh aramping,
Si Raryya nuduk anitir,
sinép kacidra sakéng iringan,
sinuduk tiba kalaron,
ginangsal kagelis,
Rahadén Aryya wus sinuryyan. 29.

Radén Suryyanasharuntik,
Wira-sudarsanna tumon,
papareng sira tumandang,
Radén Tumenggung amapag,
ginurumung tan gingsir,
Rakriyan Demung inungsi,
suwé dén nira atanding kawiran,
Radén Mantri karo,
pinrejaya angmassin,
kang surak umung gurnitta. 30.

Gingsir méngas wong Mentawan,
malaywa lulunan,
Wira Dmung amuwus,
ah paran polah ika,
/54a/kaya awdi ring pati. 31.

/54a/ Ngingkis watang maring arsha,
angadwaken bala,
sira Tumenggung tumut,
angunda watang,kan
kang bala sigra lumindih. 32.

Agingsir wadwa Waringin,
akwéh dén-ya kalaron,
Mahisha Ruditta mulat,
sigra lumakwing arsha,
sira Dmung anuningi,
ah iya wanittha wong iki,
solah muka ya wong arara,
tuwanmu kon maring ringong,
tuhu angésemi,
ngong atanding kayéng sira. 33.

Mahisha Ruditta runtik,
lintang lara lwir ginepok,
sigra anambut laras,
sira Dmung wus pinanah,
trus jaja tkéng gigir,
kapisan sira wasyanti,
kang surak aramé tan paparungwan,
akwéh wong pjah klaron,
ginrek iya kagingsir,
kang sawa dudug,
tan palinggaran. 34.

Dén prih Misha-Ruditta,
maseh Kudda Prawira,
atanding si Tumenggung,
wira angucap,
/54b/ ih sapa tta wong apekik. 35.

Aérang ta ngong amranganna,
sira raré anwam,
rupa kaya wadu,
lah ta pamangsulla,
tuwantakon marahatanding. 36.

Kudda Prawira angling,
Niyasha ujar ta iko,
adamma ingsun ajriha,
ring wong ajar asabda,
kaya tan tuhu wani,
sira Tumenggung agung runtik,
angunda watang tur maring arsha,
Kudda Prawira angendoh,
tangkisn-ya arampi,
aprang nyidra akuyengan. 37.

Asuwya tanding kawanin,
sira Tumenggung cidréng panon,
sinep sigra ta pinerang,
rudirann-ya melabar,
aniba sira wassyanti,
kang surak awanti-wanti,
Nrepati matawan aruntik umulat,
sira Patih ngucap alon,
sampun ta Sri Ndrepati,
masha mnanga mas Pangéran. 38.

Satsat anglanginnin jaladdi,
yan apti amrangana,
/55a/ asem bawwa Pukulun,
déra lumampah,
tan wun amanggih wisti. 39.

Mné yan pini sarjja,
becik anungkulla,
anut Sang Ahulun,
samannung Sang Dwaja,
araryyan kang ajurit. 40.

Nrepati Mettawan angling,
Apatih sira anglakon,
mangsul mara ing wésma undangen/sira riningsun,
mwang sira nini kalih,
agya prapta agerit,
dinulur ri sapacaréng pura,
kang kinén amit sigra mangkat,
ndah tanna sari,
sampun prapta siréng pura. 41.

/55a/Matur ring Sri Pramiswari,
sawuwus sira Sang Katong,
Sri Pramiswaryya ngucap,
nini paran polah ira,
Radén Déwi anangis,
mangké wus adan lumaris,
sopacara wuwus munggwing arsha,
Sri Pramiswari umangkat,
alungguh ring padati,
lumaris punang gilinghan. 42.

/55b/Ndah tan koningha ring awan,
wus prapta ring Sang Natta,
lumaris Sang Ulun,
apti umarekka,
ri jeng Sang Wira-subratti. 43.

Lumaku iringi sawwa,
Sri Naréndra ngucap,
ih wong Mettawan iku,
aywa tan wilasha,
wawanen sawanning Mantri. 44.

Lumaris Sri Bhupati,
kang bala kwéh papalayon,
katmu Si Misha-Ruditta,
araryya sori kapidyah,
angumpulla wong Waringin,
kagyat prapta Sri Bhupati,
asmu kamagghan sira umulat,
katon lwir Widyadara,
sakéng doh sira angling,
duh singgih mas Pangéran. 45.

Misa-Ruditta ngling aris,
sampun mangkana Sang Katong,
kahula Pun Misha-Ruditta,
cara Sri Adinatta,
abecik ta ya lumaris,
marekki jeng Sang Apanji,
Sri Naténg Metawan angucap,
sun aminta jarumman,
singgih sajnya Sri Bhupati,
56a becik papareng lumampah. 46.

Lumaku Sri Naranatta,
tumanduk Sang Apanjya,
mangha-andulu,
lwir mukshah ing smara,
dumuduk Sang Hyang Ratih. 47.

Sigra umarek Sang Katong,
mendek tur angucap,
singgih Pukulun,
Pun Aji Menttawan,
marek atur jiwapati. 48.

Sinembah ing Putri kalih,
acungkingha ring lalakon,
dé shih ing wong inna-gunna,
sok wenang murnna siraran,
yatta pinunjulling urip,
asmu guyu sira Panji,
sun tan anuwal ring ajnyan nira,
dén shih anammanning klaron,
ndah tan kagingsir,
apti sinéwwa ring kadarmman. 49.

Duh singgih Sri Bhupati,
saparannak ira karo,
Sri Naténg Metawan ngucap,
ngaran Puspajuwitta,
arinn-ya Puspasari,
angling sira Sang Apanji,
duh awelas ingsun ring swacitta,
/56b/dén tuhu shih Sri Naranatta/nut sampritti,
becik mangké pamangsulla. 50.

Sang Dyah knéng astra-smara,
rujit nalan nira,
guyaremek malumpur,
knéng manobawwa,
dén nira Sang Apanji. 51.

Yan tan sidda saharas,
ring sang lwir manobawwa,
suka alabuh parung,
tibéng karang bajra,
sidda kabanjir éng manis. 52.

/56b/ Kang wong prasamma umashih,
Sri Pramiswari kedalon,
mangha sira lwir pratimma,
nora mattra mintara,
angling Sri Bhupati,
duh singgih Sang Sri Apanji,
anak ingsun karo angatpadda,
ngong amit ering pakan nira,
Sang Apanji,
asung tumut sahasmitta. 53.

Lumaku Sri Bhupati,
tumut Sri Naréndra-wadon,
wus munggah maring gilingan,
tan kawarna ring awan,
wuwussen sira Panji,
asmu guyu siratur angucap,
duh yayi karo sampun kalaran,
kang inisthi,
tumutta ring suka-dukka. 54.

Sang Dyah-karo sawur sembah,
duh singgih Susuhunan,
dén shiha Pukulun,
ri inna-gunna,
gumuyu Sang Apanji. 55.

Ih Mahisha-Ruditta,
sunganna rejatha,
mwah wastra lan kampuh,
kang wong kabrannan,
wuwusn-ya kapisinggih. 56.

Mahisha-Ruditta angling,
wus dinanéng wong kalaron,
bhusanna muwah rajatta,
beñik mangsulla Pangéran,
kang bala wus lumaris,
anut sira Sang apkik,
Sang Dyah karo tumut ering gilingan,
lumampah punang syandannna,
ndah tannasari,
prapta ring kutta-Wandira. 57.

Pinapag ing gong gending,
sopacarannirg kawot,
Sri Mahadéwi tumihang,
ganjaran ing ayudda,
dudukun angayommin,
wuwus manjing sira Panji,
alungguh sira ring wijil pisan,
putri kalih wus mijro sira,
Sri Mahadéwi,
/57b/ tumut maring kamegettan. 58.

Sira Panji angucap,
kaka Mahisha-Ruditta,
asung tadah iku,
ring sang paramantriya,
wus pfapta kang tadah asri. 59.

Anadah sang paranatta,
tumut Misa-Ruditta,
manjing Sang Ahulun,
kang wong suka-sukan,
kari nginum ering yawi. 60.

Prasamma suka sutrepti,
anadah akwéh kaluron,
lwir guntur kang skul iwak,
mastawwa lawan kilang,
samma suka angluwarin,
kuneng sira Sang Apanji,
sampun anaddah papareng sang anwam,
sopacara winong wong,
tadah alep asri,
umuni punang gamellan. 61.

Sira Panji angling aris,
duh yayi aywa kalaron,
wétning noranna wibhawwa,
Sang Dyah smu guyu ngucap,
duh tulu tan pasiring,
lwir trenna ruksha knéng riris,
gumuyu Sang Apanji Sumirang,
/58a/ wus nadah praptang timbira,
Sang Putri kinanti,
munggah ring jinem-mrik sumar.
62.

/58a/ Sang Dyah karo wus kaharas,
mustin ing waktran nira,
swara anrang juruh,
duh mas mirah ingwang,
kalih Sang Dyah-ari. 63.

Yadyan ping sapta anyadma,
anut suka-dukka,
dé shih anulus,
sira mas Pangéran,
tumut ering ati-branti. 64.

Tuhunning lara tan sipi,
tan sidéng rasha winong wong,
wétning sun asidda-siddan,
nora ta ngwang acumbanna,
yanora sang inisthi,
karuhun sidda pinanggih,
pareng sira mukti samma gamma,
Sang Dyah alon angucap,
sidda umashih,
ngong tumut sasuka-dukka. 65.

Sampun sira tuhu asih,
ahurup spah marek karo,
sira Panji angucap,
duh mas mirah sang anwam,
aturuha sira yayi,
ingsun manjing angastuti,
Sang Dyah karo nuhun atur-sembah,
/58b/ sira Panji lumampah,
ndah tanna-sari,
neher munggah angineb lawang. 66.

Nuli asalin basahan,
sopacaranning Sang Dyah,
rupan nira ayu,
kumenyep ing nala,
ri laran nira uni. 67.

Dén nira kinala-désha,
dén ing wong apakramma,
ulussan Ni Liku,
singgih Hyang Suksma,
moggha yanmu wasyanti. 68.

Waspan iradres umijil,
alara sira angépon,
syuh rempuh rashanning nala,
sigranon anak-anakkan,
makapanalimur kingking,
sinambut kang danta-wari,
tur pininangku ginugah-gugghah,
siha nora winong wong,
raséng kakingking,
siraman nira ring tawang. 69.

Sira panglipur ing kingking,
suddanning lara wirangrong,
tan mari sira Pangéran,
makapamurnnanning lara,
papareng aturu kaki,
aturu sira sang lwir ratih,
kunang mangké gumantya rahinna,
/59a/ awungu wus sopacara,
sira Sang Dyah kalih,
mangké tumut akasukan. 70.

Ndah tan kawarnnaha sira,
ri suksman ing lampah,
praptang masha kacatur,
wuwusen mwah Sri Naranatta/
ring Keling. 71.

Apti winaranganna,
Dyah Candrakéranna,
ring Rahadén Indu,
sampun ahotussan,
wonten rong-atus lumaris. 72.

Sang Sikaranni lumaris,
Radén Sudarshanna Katong,
kalih Rahadén Prawangsha,
katrinni Radén Mayang,
wuwus winekassi kapti,
adén-ya amomotthi,
arttha-benda mwang raja-branna,
kabéh samma wus lumarap,
tan konning éng marggi,
prapta ana ring kuttha-Wandira.
73.

/59a/Madeg prasamma wong akmit,
wong paran kita amondong,
sang tinanyan angucap,
mami wong Kahuripan,
aywa sira angalangin,
kroda wong kuta-Waringin,
/59b/artha-benda prasamma piné-/
gghang,
umung wong nempuh akaron,
arurek tan gingsir,
akwéh nembung ing gagawan. 74.

Radén Sudarshanna mulat,
kang wong garawalan,
amleg turangga-layu,
tur maring arsha,
katon wong akwéh awisthi. 75.

Radén Sudarsshanna ngucap,
sapa amranghan,
marmman nira kawus,
kang wong angucap,
singgih wong kuttha-Waringin. 76.

Radén Sudarsshanna runtik,
angunus duwung angepok,
dinuk wong kutta-Wandira,
akwe'h lara kacurnna,
Rakriyan Apatih runtik,
anunggang kudda lumaris,
Rahadén Sudarsshanna kapapag,
sigra ngucap sapa iko,
kaya wong angésemmi,
mara cidra wong lumampah. 77.

Sira Kriyan Patih gung-runthik,
iya ujaré wong iko,
mangké yan tuhu prawira,
/60a/pamenning ing kadganta,
samma wirodda kalih,
suwé atanding kawanin,
padda wiranitih iswasiksa,
wahanna sawut akuyengan,
angresi ati,
paprangé padda legghawwa. 78.

Asuwya angukih pranna,
sinép saké ringan,
Radén Sudarsshanna dinuk,
rudirann-ya muncar,
tiba sira sakéng waji. 79.

Runtik Aradén Prawangsha,
sira Dmung amapag,
samma angunda parung,
padda prawira,
kalih anggrasinghati. 80.

Sira Dmung anudingi,
ah iki wani iringongon
Radén Prawangsha angucap,
adamma sun ajriha,
ring rupa kaya iki,
sira Dmung agung aruntik,
marawasha shigra ya amerang,
Radén Prawangsha jumok,
tangkis ira aramping,
aprang wira ya akuyengan. 81.

Radén Prawangsha kagingsir,
gindrek pinrang ya linakon,
/60b/kna ta ya gigir ira,
apasah pwa ya binubat,
aniba sira wasyanti,
Radén Mayang ajrih tan panolih,
kang bala akwéh sumamburat,
prasamma ya anungkul,
sampun erakwa wus prapti,
ring Rajya kutta-Wandira. 82.

Radén Panji sigra ngucap,
ih wong Kahuripan,
paran darmma iku,
amwat arta-benda,
mulé-mulé mas-manik. 83.

Sawur sembah Pangalassan,
singgih Sasuhunan,
aptin nira Sang Prabhu,
Dyah Candrakéranna,
winarangi radén-mantri. 84.

/60b/Mésem ing twas shih angapi,
asmu guyu ngucap alon,
ih kitta wong Kahurippan,
yén tuhu ujar ira,
mangsullan sira dén Maglis,
matur ing Rahadén Mantri,
sun ngombali raja-brannan nira,
sang inajnya nembah alon,
singgih Sang Hyang Asuji,
muhun mangké patik Bhathara. 85.

/61a/Sapta sira lumaris,
akwéh aptin-ya kadalon,
suka sira angahula,
kuneng laku Radén Mayang,
kaya binuru mreggapati,
lakunn-ya tan panolih,
turanggan nira lwir ambrebaggha,
maluru lampahn-ya kalaron,
wus prapta siréng Kling,
tumurun sakéng undakkan. 86.

Radén Indu Krettanata,
tinangkil ering pangastriyan,
Wiramayang rawuh,
mendek atur sembah,
winingkes pupuné kalih. 87.

Singgih Sri Natta-sutta,
ampunnana kahula,
nispala inutus,
wnang paténnana,
dandann-ya tresna ring urip. 88.

Karo sanakkwa wasyanti,
kang bala akwéh kalaron,
séshanning pjah ya ginesang,
prasamma rep anungkul,
jinarag kang renna-renni,
dén ing wong kutta-waringin,
sang inaturan garjjitta ngucap,
ih mangké karep ingong,
wéhiki suddanning kapti,
lurugen wong kuttha-wandira. 89.

/61b/Tohok-céngkrong lumaris,
nembang pangarah aywa alon,
Kaki Patih tumingkah,
ping ro lampah iku,
yan wus sidda minusthi,
kahaptin ningsun lumaris,
angalappa Dyah Candrakéranna,
Kén Apatih ngucap alon,
lintang amisinggih,
manjing sira Sri Natta-sutta. 90.

Wus praptta ring salu-wéttan,
atmu Sri Naréndra,
mwang Sri Nreppawadu,
gorawa angucap,
alungguha sira Kaki. 91.

Duh paran marmmané sira,
anembang apangarah,
baya apti anglurug,
ndan sang inujaran,
anembah sumawur aris. 92.

Duh singgih Sri Narapati,
ngong enti lara ginepok,
dén ing wong kuttha-wandira,
namma Panji Sumirang,
Wira Sudarshanna matti,
sira Pradwangsha malih,
kang bala akwéh samma kalaran,
artta mulé sapi-bhondong,
prasamma bhinukti,
dén ing wong kutta-wandira. 93.

/62a/Mangké ta yan pinisinggih,
dén ira Sri Wirakatong,
aptin ingsun iyan amranga,
Radén Panji Sumirang,
angwas pisan lumaris,
yan anna shih Sang Hyang Widdi,
sidda sinuddanning prayojanna,
ngong laju lumampah jumog,
maring sannagari,
ngalap Dyah Candrakéranna. 94.

/62a/ Sumahur Sri Naranatta,
ih tuhu rammaniya,
aptin nira iku,
sujatinning Natta,
ndah tan kapingging ing ari. 95.

Yan wong inawwagatta,
dén ikang duratmaka,
tan manggahanembung,
wong atti tunca,
anmu papa gowwati. 96.

Lumaku ta sira Kaki,
anungkellang kris kaprabon,
tuhu rashanning suputra,
ginegwan siréng nala,
kitta sikaranning kapti,
gunnadikamasku laki,
tan lén ngamét kajanna-priyan,
ungsu shih dateng ing ayu,
suka yan sidéng kapti,
ulun acandya ri sira. 97.

Anéka ujarku kaki,
/62b/ purusha dira ginugon,
pamriha sura ring ranna,
kinekesning twas abungah,
acandya manikning kapti,
mangka wuwus Sri Bhupati,
anuhun sira sang inadnyan,
Sri Patni angucap alon,
singgih mas ingsun kaki,
sampun lampah kattaragal. 98.

Rahadén Indu angucap,
sampun warang-nala,
lampah ing acucuh,
tan panolih kadang,
suyashanning yayah-bibi. 99.

Sampun sirawuwus ayas,
sopacaréng Natta,
akampuh lungsir ungu,
mapankes swátta,
adodot madu kasilir. 100.

Alancingan lungsir wilis,
apinggel kanna ta karo,
glung ira bubuntittan,
kinarang-karang balangan,
sinimping simping ing rukmi,
sinembur ing manik warih,
abra murub sutéja kumenyar,
Sri Naréndra sira karo,
sukan nira angliring,
Rahadén amit tur lumampah. 101.

Prapti jawi sang apekik,
/63a/ sesek supnuh punang wong,
tabeh-tabehan gumitta,
gending gubar asimban,
kancit wong ira prapti,
adudulur triwingsatti,
kang rinampas ring kutta Wandira,
Si Pangalassan pangempon,
sigra ta ya prapti,
marek ering sira sang lwir smara. 102.

Mendek nembah tur angucap,
singgih Susuhunan,
pakan nira Pukulun,
suruh agé lumampah,
mara ring kutta Waringin. 103.

Aptin ira angomballa,
sakwéh raja-branna,
yén suka Sang Ahulun,
umara ring Rajya,
Rahadén sigra smu runtik. 104.

/63a/Mangké mangkat ngong tan aris,
pamétta wahanna kawot,
Si Rangga-Ranggit anamma,
gumuruh bala lumarap,
sira Dmung rimihin,
mwang bala kakyati wani,
Radén Indu munggah ring wahanna,
kang bala papa-layon,
sigra amarekki,
lumampah sira Rahadyan. 105.

/63b/Ndah tan koningha ring marggi,
bangiwén sira anglakon,
wus prapténg kutta Wandira,
ring tepi-siring ing kutta,
Rahadén Indu angling,
anggawé kuwu iriki,
Uwa Patih atingkah ing kutta,
antékkakna praptan ing angepok,
aja tta kagingsir,
jumaggha jaggha ring kutta. 106.

Wus putus kang pasanggrahan,
sopacaréng Natta,
dadi ta karungu dé Sri Naranatta,
ana ring kutta-Waringin. 107.

Wus sapulung sira ring rasha,
ri Sang Naranatta,
angling sang abagus,
ih Misha-Ruditta,
mangké ta ingsun umijil. 108.

Aptin ingsun anghawruhi,
ring Wira-purusha kawot,
Radén Mantri Kahurippan,
mangké apti amrangha,
ingsun nora anandingi,
dén iyatna kitta ammarapit,
iringan ing wehanan ingwang,
atungkul ering untat alon,
/64a/tatabuhan ering uri,
ingsun lumaku ring arsha. 109.

Prapta turanggan ira aglis,
swétta ulunn-ya kawot,
winamna purnamma-sadda,
Abra-puspa anamma,
binosananning rukmi,
wuwus munggah sira Panji ,
Sang Mantriyamerapit lumampah,
acattra lungsir ijo,
tinrap ing ajur rukmi,
lwir giri-puspa lumarap. 110.

Radén Indu Krettanattha,
sampun sira adan,
anunggang kudda jamus,
binosanéng ratna,
Sang Mantri amarapit. 111.

Pinayungan lungsir rakta,
abubungkul aratna,
sutéja umurub,
lwir giri-indura,
gumuruh samma lumaris. 112.

Wus tumanduk sira kalih,
lungguh ira sapademon,
Sangepanji smu guyu ngucap,
kitta Misha-Ruditta,
kaya iki Radén Mantri,
surupalwih apekik,
pantes dén nira angagem kadga,
/64b/lwir smaramrang kalangon,
ngong apti angawruhi,
lakunning wong amrajaya. 113.

Karungu dé Radén Mantri,
ujaré sang lwir kalangon,
anggrawanna arshamrangha,
kadgan nira lwir tiba,
tinembung guyu amanis,
mungkas kadga kawingking,
syuh rempuh rashanning wredaya,
tumon arupa lwir klangon,
rasha nora niringi,
munggah ri gigir ing wwahanna.
114.

/64b/Rahadén Indu angucap,
duh singgih Sang Natta,
sang lwir smara-wadu,
nora sun amrangha,
sok kedwa apti lumaris. 115.

Tan lén anglawad danna,
maring bhumi Deha,
ana arin ingsun,
Dyah Candrakéranna,
puniku musthin ing kapti. 116.

Mésem ing twas sang inisthi,
asmu smitta ngucap alon,
kaka Sri Natta-sutta,
ayu pamusthihan nira,
yén sudi sira ring kami,
sumeper ing kuwu wong miskin,
/65a/sok wruha ring dawala dinadak,
Rahadén ngucap alon,
yan siha sira yayi,
suka ngong sumeperi sira. 117.

Lumaris ta sira kalih,
samma munggwing kudda kawot,
sawawwa rupahan nira,
Rahadén lwir Hyang Smara,
Sang Apanji lwir Ratih,
yén tuhu pinaké istri,
mangka lingi wong kutta-Wandira,
wong Korippa ngucap alon,
tuhujar ira yayi,
liwar sukan ngong umulat. 118.

Mogghashih ira Hyang Suksma,
atut asanakka,
sira Hyang Sitangsu,
ring Hyang Manubawwa,
sukan ingsun tan sinipi. 119.

Akwéh yan wasittakna,
ujar ing wong lumampah,
kuneng lampah Sang Ayu,
mangké wus prapta,
ana ring wijil ping trinni. 120.

Tumurun ta sira kalih,
Sang Panji angucap alon,
papareng kaka Mingjroha,
sinambut astan nira,
/65b/Radén Indu ngraséng ati.
yaya tiki astanning istri, 121.
atut warnna citréng prabangkara,
rempuh twasn-ya kallaron,
yaya ta ya iniris,
alon dén ira lumampah. 121.

Ring wijil pisan wus prapti,
munggah maring mendapa-lor,
alungguh ring singhasanna,
sawawa rupan nira,
wong ira ana ring sitthi,
Misa-Ruditta muji-muji,
warnna sang munggah ring singhasanna,
lwir lamma déra karon,
ndah tan ana pinalih,
surupadi warnnan nira. 122.

Sira Rangga angucap,
ih tuhu ujar ira,
lwir Sang Hyang Sitangsu,
akaron ing Smara,
bhédann-ya abawa laki. 123.

Rakriyan Punta angucap,
ih tuhu ujar ira,
mogghashih apupul,
anut sira sanak,
ngong mrejaka pati-urip. 124.

/65b/Samma sukamuji-muji,
warnna lwir baskara karo,
mangké prapta pananggraha,
/66a/Sang Apanji angucap,
anadah kaka Mantri,
Radén Indu angling aris,
yayi pareng sira anadaha,
cucupang saparangdon,
tinut sanak astiti,
gumuyu Sri Panji Sumirang. 125.

Duh singgih Sri Krettapati,
tarwnang ingsun saruron,
sikara sira anadah,
ingsun amukti sésha,
Radén asmu guyu angling,
asambawwa ujar yayi,
ndi nggon ingsun ngungsi kaya sira,
adasthawtunning wadon,
marupa lwir yayi,
sun makaharddanaréswara. 126.

Sosot ingsun mari sira,
mogghanut araséng astha,
jati raséng wadu,
tut ing rupa cittra,
sungsung ngong patthi-urip. 127.

Yadyan ping sapta anyadma,
suka amrejaka,
Sang Apanji gumuyu,
duh mas Pangéran,
asambawwa ujar Nrepatti. 128.

Pangat ingsun kang wong laki,
rikapan mangsil ing wadon,
/66b/sampun sira angayamma,
mangké dén shih anadah,
anut sira Radén Mantri,
tadah samma alep asri,
mamanissan badég lawan kilang,
anadah dumuddo tuhu dén ira asri,
umuni punang gamellan. 129.

Linawung redep kecapi,
gending curing muni alon,
awussan sira anadah,
kang wong samma anadah,
liwar sukka amukti,
tadah sama alep asri,
lwir guntur tiba niskul iwak,
Sang Mantri nadah adudon,
sama suka amukti,
shihan ira tuhu tamma. 130.

Kang wong samma wus anadah,
Radén Indu angucap,
yayi pareng aturu,
kinenyep ing nétra,
kapti tumakep kang lati. 131.

Singgih Radén Krettanatta,
alumuh pakan nira,
wétning laréng tanu,
mimba karakettan,
ring angga Sri Narapati. 132.

Tumuyu ta ya rimihin,
amuhun patik Sang Katong, ing/
/67a/lumampah tur maring jroha,
Sang Putri kalih amapag,
mwang Sri Mahadéwi,
sira Panji angling aris,
aja ibu mtu maring yawwa,
tuhu yan karungon,
dén arahasya ring buddi,
umimba ring rashan ingwang. 133.

Sang Apanji gya lumaris,
sumurup maring paturon,
nuli asalin basahan,
angamét anak-anakkan,
pinangku ring astha kéri,
duh mas mirah ingsun laki,
lipuranna laréng sun Pangéran,
aturu sira ngépon,
supténg lara salatri,
nuli gumantya rahinna. 134.

/67a/ Sang Apanji tur asocca,
asalin basahan,
kaya rupa dangu,
sira Sang Raja-putra,
wus putus sira asudi. 135.

Sang Panji Sumirang prapta,
ambawa aérdann-ya,
tumut tadah-suruh,
munggah ring singhashanna,
alinggih sira sumanding. 136.

/67b/ Radén Indu angling aris,
alamma ingsun kadalon,
apti amukti ring sredah,
mangké ring praptan nira,
lwir trenna taru-aking,
prapta linawad ing riris,
tustha lumung milet ing wredaya,
Sang Apanji ngucap alon,
sampun jumbuh amuji,
amucanga mas Pangéran. 137.

Anyumput sdah sang apekik,
anuli ngucap alon,
ganggu yayi ujar ingwang,
yén sira shih sumepera,
mara ring bumi Keling,
urung ngong maring Kadéri,
suka ingsun sanak maring sira,
Sang Apanji ngucap alon,
sampun sira agung-branti,
wkas ingsun umarekka. 138.

Misha-Ruditta angucap,
sampun Susuhunnan,
kasalon dohan laku,
supta lumampah,
minusthi maréng Kadéri. 139.

Rangga-Wiradda angucap,
singgih mas Pangéran,
yén shiha Pukulun,
/68a/ satuwek ing rasha,
boik umangsul maring Keling. 140.

Gumuyu sakwéh anangkil,
samma sukkéng twas kadalon,
noranna apti mintara,
wareg ndah tan pamangan,
anon arupa sidampatti,
lwir Hyang Smara amangku ratih,
nuli praptatadah sopacara,
sira Panji ngling alon,
anadahan Ndrepatti,
sampun agung apopoyan. 141.

Asmu guyu sang apekik,
wus pareng nadah dumudon,
Radén Indu ngraséng nala,
tumon sira anadah,
wancin nira lwir istri,
yayéniris araséng ati,
norana kang rasha angénakka,
awussan nadah karo,
kang wong ira amukti,
prasamma asukan-sukan, 142.

Kén Prasanta kataluhan,
jumbuhan arawina,
kwéh ujar anembur,
Kén Ujil angucap,
kayatinadak ing Widi. 143.

Gumuyu wong anadah,
/68b/ sampun aluwaran,
Sang Apanji muwus,
anonton Pangéran,
ana tta punang kaméni. 144.

/68b/Dawuh sapta sira mijil,
kagyat suminggah kang wong,
prasamma ya kawewegghan,
kédep nora manusha,
bangun Hyangning Masirgendis,
sampun sira samma linggih,
kawong prasamma lunggah atatta,
kang kaméni anglakon,
lilu lali ring tangkis,
jumujug kaya pratimma. 145.

Sang Apanji angling aris,
lumampah kitta anglakon,
umuni punang gamelan,
udanning kawong asolah,
lagun-ya prataméng gati,
tan lén sabsab ing Singhasari,
kang wong nonton gawok ering Sang/
Natta,
Sang Panji ngucap alon,
singgih Sri Krettapati,
amit ngong angrasa supta. 146.

Radén Indu tinilaran,
sumbrambah ring nala,
kari asmu mangu,
nora nonton-tonnan,
asembawamusthin ing kapti. 147.

/69a/Kang timbira dawuh jangga,
Radén aluwaran,
manjing sira turu,
gumantya rahinna,
noranna matra atangi. 148.

Sira Panji wus atangi,
aya smara ring paturon,
wong ira samma wus ayas,
prasammanut lampah ira,
marek ing Radén Mantri,
Radén Indu kari aguling,
sira Panji sumurup ering wésma,
angamer lampah alon,
dagan nira alinggih,
asengsmitta tur angucap. 149.

Duh singgih Radén Mantri,
sampun gung turu kadalon,
mawyahawnes warnan nira,
prapta nira ring Deha,
Radén arasha angipi,
katurunnan Sang Hyang Ratih,
garjitta ungu ngege mihastha,
sang ginamel kalaron,
kumetug maras ering ati,
kaya wong wuwus pinrejaya. 150.

Lwir tan sidda ring rahasya,
mangké lampah ira,
tan wun sirnna lebur,
dénSri Natta-sutta,
marmma ta ya ngling aris. 151.

/69b/Singgih Sang Sri Natta-sutta,
wakkana bujan ningwang,
sampun laréng Pukulun,
paran polah ira,
angamel ikang wong laki. 152.

Radén Indu angling aris,
sampunnanna kang lalakon,
guyan ingsun anumpenna,
amupu wadu lwir sira,
asmu guyu sira kalih,
wéning kumenyep ring kapti,
prapta Rakriyan Mahisha-Ruditta,
tumuli matur alon,
singgih Sri Narapatti,
kang bala sampun tumihang. 153.

Artha-benda mattalingir,
kang rinampas uni linakon,
sampun samma katura,
dé ari Sri Naréndra,
Radén Indu nawurri,
lintang shih ring wong atti-branti,
yayi ingsun mahun lumampaha,
anut sira anglakon,
yén sihan nira yayi,
sukan ingsun lumampaha. 154.

/69b/Panji Sumirang angucap,
muhun pakan ira,
yén wus sira apum,
ring Sang Putri Deha,
/70a/anglawad ingsun ering bénjing, 155.

Radén Indu sampun ayas,
adulur lumampah,
gawok wong ahandulu,
lwir Hyang Manobawwa,
adulur Hyang Sittarasmi. 156.

Prapti ring yawi Ndrepati,
yayi muhun mangké ingong,
aglis munggah ring wahanna,
Radén Panji Sumirang,
kari sumeng ring liring,
Misha-Ruditta ngling aris,
umanjinga sira mas Pangéran,
nuli lumampah mingjro,
kuneng sira Radén Mantri,
wus adoh ta ya lumampah. 157.

Prapta tepin ing Kadéri,
mbranta kamuni angepok,
kawong mtu agarawalan,
angemban putu mwang sutta,
agyagyan apti lumaris,
anna munggah ring sitinggil,
awrekénn-ya angiras ing jamang,
ana nanggasusu karo,
weninn-ya wre lummawilis,
ana munggah ring laléyan. 158.

Rahadén Indu wus prapta,
ring yawi larangan,
sira Aryya anungsung,
sang wawu prapta,
/70b/tumurun saking waji. 159.

Radén Indu angling aris,
kaki Aryya ndi Sang Katong,
singgih aneng wijil pisan,
anuli sira lumampah,
sopacara rimihin,
wus katur ring Sri Bhupati,
Radén Indu prapta umarekka,
Sri Naréndra ngucap alon,
alungguha nanak Mantri,
sang kinén asahur sembah. 160.

Alungguh ring batur anginggil,
wong ing jro agawok tumon,
kédepn-ya nora manusha,
bhangun Hyang Manobawwa,
tumurun sih ing bhumi,
sawanéh ta ya angling,
yéki rupa Sri Natta-sutta,
lwir sarasija tinon,
asara madu-gendis,
pangleburning twas angarang. 161.

Dyah Ratna-ajeng ring pamengkang,
laku lompat-lompat,
magirang ring tanu,
nora panggilla,
makabarddanaréswari. 162.

Mangké ta Sri Naranatta,
aseng-smittangucap,
duh kaki anak ingsun,
/71a/ Dyah Candrakéranna,
muksah norakna inungsi. 163.

Mangké dén sihan ta kaki,
arin sira ya pinupon,
Dyah Ratna-ajeng ingaran,
énjang sira akrandanna,
sopacara wus sumaji,
sampun kaki walang-ati,
Radén Indu tumungkul ering lemah,
Kén Liku ngucap alon,
dén sih Aradén Mantri,
amuponning arin nira. 164.

/71a/Epuh twas Arahadén Mantri,
soka lumeng siréng panon,
angrewanna arshan nira,
kumenyep siréng nalla,
ih baya ta sira yayi,
abawa ta ya ri laki,
yan ngong mangké angungsi sira,
lintang laranning Sang Katong,
wétning wiwaha cumawis,
mangko pangrashanning nalla. 165.

Radén Indu angucap ,
singgih Sang Anatta,
sampun agung uyung,
ring wong inasraya,
bangiwén lara ngong prapti. 166.

Yén sih Sri Naranatta,
/71b/ngong minta usadda,
lumaris ering gunung,
kagyat Sang Natha,
marmmara angling aris. 167.

Puh anak ingsun minusthi,
aywa siragé anglakon,
ingké ana wishapaha,
sidan ing sira winarang,
minusthi ana ring bénjing,
Radén Indu anawuri,
anuhun ngong ri ajnya Sang Natta,
suka sira Sang Katong,
Radén Indu wus amit,
umungsir ring salu kilyan. 168.

Gumuruh sakwéh ing angiring,
Sri Naréndra ngucap alon,
kaki Patih endi sira,
Radén Aryya angucap,
alara patik Nrepati,
angelu teka ring gumigil,
ih yan tuhu larann-ya kabaran,
kita pwa ya anglakon,
sopacara winarni,
didiné aywa tinindan. 169.

Anuhun Arahadén Aryya,
wus putus kang tadah,
katur ring sang abagus,
sampun sammanadah,
ndah tan kawarnna ring lattri. 170.

Winarnna wuwus prabhatha,
/72a/kang wong abyagattan,
mangun palalawuh,
mwang sopacara,
prasamma wuwus sumaji. 171.

Kang wong pininang wus prapti,
paranatta lanang-wadon,
sira Dmung ing Singhasekar,
Rakriyan Patih Warawan,
Wiraaryya paramantri,
sampun prasamma anganti,
gumuruh punang tatabuhan,
kendang gong tan paparungon,
lwir guruh amling ing kuping,
marung swaranning abyagattan. 172.

Winarna Rahadén Déwi,
ayas aglung inreton,
rinumpuk ing puspa-swarnna,
rumawé janggasyamma,
kinarang barangan manik,
abapang rukmiinukir,
acawet syamma sinulam-sulam,
jinamang lungsir ijo,
tinreppanning mas-adi,
apaningset lungsir syamma. 173.

Tinreppanningkunanna,
mapanumbuk mirah,
apinggel jagghasatru,
tinrep ing ratna,
dumilah bhusannané lwih. 174.

/72a/ lwir candra karahinan,
/72b/ anut warnnan nira,
wayawann-ya gemih,
léhér mapanjang,
lakunn-ya amanyak alit, 175.

Kuneng sira Radén Mantri,
sinung bhusanna saparanggon,
sopacaranning Sang Natta,
Rakriyan Patih angucap,
duh singgih sang apekik,
becik ayas aringhin,
Radén Déwi sampun wus ayas,
Radén Indu ngling alon,
anglularanning ati,
ngong anut nora pinatyan. 176.

Tumuli ayas sang apekik,
aglung swarnna kaprabon,
awastra lungsir swétta,
kampuh ira sutra syamma,
ndah tan apti pahés rukmi,
rupan nira émbeh pkik,
asambawa kang rasha ngénakka,
ginantang munggwing panon,
sumlap ana ring atti,
sira Dyah Candrakéranna. 177.

Wus putusning sopacara,
kang yasha-pawaranghan,
sopacaralangu,
Sri Dwija amuja,
/73a/ pamutus shang-astaséni. 178.

Sigra metu Sang Winarang,
alungguh ring dampa,
pinayunghan lungsir ungu,
amurda... syamma,
dalugdané rimihin. 179.

Prapti ring yawi sang apekik,
Dyah Ratna-ajengakajjumog,
mungguh ring yasha pawaranghan,
Radén Mantri ring lemah,
Radén Déwi nolih-nolih,
Rakriyan Patih matur aris,
sampun lumuh munggah Susuhunnan,
nuli lumampah alon,
noranna musthin ing kapti,
wirang ing wong pipinangan. 180.

Kang wong prasamma ngulati,
tumon warnna Radén Ino,
samma agawok umulat,
kédep nora manusha,
bangun Hyang Smara-murti,
turun aminda ring bhumi,
akwéh kang wong angucap-ucap,
éman kang warnna kawot,
nora angrangsuk arukmi,
kaya nirsuka winarang. 181.

Sawanéh anna angucap,
/73b/ atut ujar ira,
warnna Radén Galuh,
nora saharas,
lwir sodda anarung shashih. 182.

Tuhu ling nikang awidya,
pindanditéng wetwan,
mregann-ya tan atut,
apwara pasah,
nora putus sitarasmin. 183.

Akwéh yan wuwussen malih,
pawarah-warah ikang wong,
kuneng sira sang winarang,
ri wus nira ngaksamma,
tumulya ngaras-mretti,
nuli umanjing ing puri,
sampun munggah ring jinem-mrikmar,
winasuhan padda karon,
ring wusning tumangkeb samit,
ndah tan kawarnna ring lampah.
184.

/73b/Kang wong anginum ring yawi,
asuka-sukan winong wong,
lwir guntur kang skul ulam,
samma winadahan panjang,
Sang Panji Sumirang prapti,
wétning lwih rentang ing buddi,
tumut Arakriyan Misha-Ruditta,
anunggang kudda karong
umanjing maring puri,
tumitih ring aswasiksa. 185.

/74a/Linompat sakwéh anadah,
tkéng jron ing crancang,
piring pinggan rempuh,
mwang kang skul iwak,
awreg umlar ing sitti. 186.

Akrah wong atawan-branna,
pinancal ing kudda,
astha pupu rempuh wétning kamagghan,
tan wruh ri praptan ing wisthi. 187.

Jumujug kang wong agelis,
ana nambut kang kakayon,
ang ana amuncal pulukkan,
ana malang ing jajatah,
culutak dén-ya melengin,
anembur caruban wilis,
anna muter punang susukatthan,
ana anembung karo,
kang wong kněng pamugari,
wétning tinonn-ya sakeddap. 188.

Sira Panji sigra lumaris,
aswasiksha kang ginugong
ndah ttan kna tinututtan,
dén ikang wong sanagara,
mangké wus prapténg puri,
kang wong Deha awara-wiri,
gumuruh unin nikang tengeran,
kang wong kabéh paplayon,
/74b/jumaga jagéng ari,
bubur punang pawarangan. 189.

Akwéh kang wong tan panindra,
gumantya rahinna,
Sri Naréndra umtu,
ri jron ing crangncang,
sira Kriyanne Patih prapti. 190.

Sri Naréndra angucap,
ndi sangkan duratmaka,
marmmanning alebur,
kang wong anadah,
Rakriyan Apatih angelling. 191.

Duh singgih Sri Bhupati,
tan wruh kang wong wtunn-ya/ngepok,
sakdap pwaya tininghallan,
tuhu wong anunggang kudda,
lumumpat tangkisn-ya ramping,
sok pangan kěnum inungsi,
wnang lumaku luhur ing laléyan,
kang wong akwéh kelaron,
pinancal ing waji,
nging nora anna antaka. 192.

Ginuhya patik Ndrepati,
nora ya sattru kinawot,
sok kapti amimirangha,
tan suddi ring pawaranghan,
Sri Narapati angeling,
iya ujaré sira Patih,
dadi prapta kang wong pipinangan,
/75a/prasamma matur alon,
amuhun patik Ndrepatti,
manggut sira Sri Naréndra. 193.

Aluwaran Sri Naranatta,
umanjing ing pura,
Radén Indu metu,
sakéng pawaranghan,
tinut dén-ya Radén Déwi. 194.

/75a/ Wus prapta ring salu kilyan,
alungguh ring batha,
Radén Déwi tumut,
sirang Krettanatta,
éwwan ira tan sinipi. 195.

Radén Déwi ngling aris,
kaka Mantri sun anglakon,
mara ring udyanna-puspa,
kakkanuntun asthanningwang,
Radén anawurin,
lumaku adawak iyayi,
ingsun ngeluh alemah lumampah,
Sang Dyah wirang jinumog,
umanjing siréng puri,
amungu ring binih ira. 196.

Kuneng sira Radén Mantri,
lwih ing lara kadalon,
yayapjah pinuncang ing lara,
udani ring arin nira,
minusthi Sang Apanji,
/75b/ sok dén-ya anandang laki,
tuhu ring salyanning anun nira,
rengu ulat kalaron,
tan suddi manjing ing puri,
wétning panguncang ing lara. 197.

Kawarnna Radén Sumirang,
ring kutta-Wandira,
dalu sira apum,
ring Dyah Ratna-Puspa,
tumut ering Dyah Puspasari, 198.

Rahadén Déwi angucap,
duh mas mirah ingwang,
arin ingsun kalulut,
mangsulla sira,
sun apti atilar bhumi. 199.

Pan jatin ingsun wong istri,
witning Deha sun kalaron,
anamma Candrakéranna,
anmu lara-tibara,
mammanning acawet laki,
Sang Dyah kalih anawurin,
duh singgih Sang Hyang Hyangning/kusumma,
kahulapti anglakon,
saparanning lumaris,
yadyan prapta ring antaka. 200.

Radén Déwi angling angaris,
paparéng yayi kelaron,
anuli ngamét pamelar,
kinenan niréng wilapa,
/76a/ ingulessan lungsir wilis,
moggha Radén Indu prapti,
janjin ira prapta sumepera,
ginangsal ering paturon,
rinurubbhan puspa-mamrik,
Rahadén Déwi lumampah. 201.

Pawongan niranut lampah,
norana wong wruha,
Dyah karo tinuntun,
wus adoh lumampah,
prapta ring sukun ing ukir. 202.

Mangké gumantya rahinna,
muni satta karunna,
Sri Madéwi ungu,
aninjo ring sutta,
sunn-ya rashan nikang puri. 203.

Mlayu Sri Mahadéwi,
angungsi maring paturon,
norana uryyan nikang wang,
awre bhushannan ira,
Sri Madéwi anangis,
baya nini atilar bumi,
tuhu tan ashih sira iringwang,
tumut ingsun kalaron,
tan kahanan gingsir,
mangké ingsun tinilaran. 204.

/76a/Sira Kriyan Apatih prapti,
Wira Dmung milu kalaron,
nuli anembang pangarah,
/76b/kang wong kinon lumarap,
angrahraha Sri Bhupati,
sira Dmung amungaranin,
kang wong lumampah anyatur bwanna,
atusan lampah adudon,
anusup ering wanadri,
noranna uryyanning lampah. 205.

Bangiwén kang wong lumampah,
nalusur ring alas,
mattra tan katemu,
umangsul ring pura,
Sri Madéwi lwih akingking. 206.

Tan kawarnna laran nira,
Radén Krettanatta,
sira pwa winuwus,
tan sisir pinaran,
dén nira Radén Déwi. 207.

Dyah Ratna-ajeng anangis,
wétning tan sredaRadén Ino,
sira Liku lwih kabaran,
umarek ering Sang Nattha,
wahwa mayat matur aris,
Sri Bhupati agung runtik,
tan pangucap rengu kang lalatta,
sira Liku kelaron,
nira muhun agingsir,
rinasha wiyar ing gunna. 208.

Wus prapta ring Radén Déwi,
tinitihan lara ping ro,
/77a/katon suttann-ya angarang,
udadi dremban ing nala,
sinéngan Aradén Mayashih,
sigra ta ya wus prapti,
sira Liku sigra angucap,
mangké yayi anglakon,
wus washa ya wingshati,
janjinn-ya sinulam ing sepah. 209.

Wus akring punang sepah,
tambis abisshan-ya,
Radén Mayashih lumaku,
panca wadwanutta,
wus prapti ring wanna-giri. 210.

Tinibannan wresthi-patta,
angeb siréng tingga,
alilintar anembur,
pjah pwa ya sira,
basmi anaddi asthi. 211.

Kari wadwann-ya sawiji,
ulangun mangsul kalaron,
prapta ta ya warah-warah,
sira Liku kabaran,
alara ya anangis,
Radén Indu winnarnni,
dalu sira atilaré Deha,
sahabala anglayok,
prasamma amengi,
wus prapténg kutha-Wannira. 212.

Kacunduk kang wong akmit,
prasamma lara ngépon,
Radén Indu sigra ngucap,
paran dénta nemu lara,
kang wong prasamma ngeling,
arin ira noranéng puri,
sapta wegung wadwa asusuppan,
nora matra ring unggon,
/77b/Radé Radén Indu lumaris,
jumujug maring pagrehan. 213.

Nuli nggrungu wong kalaran,
nangis asasambat,
Dyah Candrakéranna iku,
ingajap-ajap,
mwang sira Sri Pramiswari. 214.

/77b/ Radén Indu ngraséng nalla,
iki matuh ingwang,
Sri Mahadéwi wuwus,
uni kinubda,
jumujug angamarani. 215.

Sigra sira angling aris,
ibu endi arin ingong,
Sri Madéwi lon angucap,
singgih Radén Krettanatta,
arin nira wuwus anis,
angenes lampah ring latri,
Radén Indu alon déra ngucap,
sun mara ring paturon,
ring unggwan nira yayi,
tumurun akarwan lumampah. 216.

Ndah tan asari lumaris,
sumurup mari paturon,
katon ikang lungsir syamma,
rinurub ing puspa mrikmar,
sinambut déRadén Mantri,
binubar uletan néki,
/78a/ mrik sumar ganda ngutkaténg/anggä,
nmu pamlar sinorot,
ési ta ya rereppi,
winacca ana ring citha. 217.

Singgih sang lwir manobawa,
yan sih sumepera ,
sun atur sapuh suku,
ikang lungsir syamma,
yén ashih ring wong kasisi. 218.

Tan wyar tan anak-anakkan,
pamurnnanning lara,
jampyanning ahuyung,
kundang ing lumampah,
angubdanning lara kingking. 219.

Wus ginangsal kang rerepi,
Rahadén Indu kaleson,
noranon kang dasha-désha,
aniba sira antaka,
Sri Mahadéwi gipih,
ih paran polah ira kaki,
anglilira sira mas Pangéran,
kang wong sama kalaron,
Ranggawiradda gipih,
angarap-ngarap ring tengeran. 220.

Asuwé ndah tan panglilir,
Sri Madéwi angling alon,
amétta gangga-udakka,
pasucyan Candrakéranna,
sinoccarRadén Mantri,
/78b/ sampun sira sigra anglilir,
neher sira ngucappi waspan nira,
nuli angucap alon,
singgih ibu Mahadéwi,
mangké mangsul maréng Deha. 221.

Apatih kitta mangsulla,
maring Kahurippan,
matur ring Sang Ulun,
kadurmiténg lampah,
anmu akung ati-branti. 222.

Ya tan katmu sang cinipta,
Dyah Candrakéranna,
nora ingsun mangsul,
amurang lampah,
dyastu apwara pati. 223.

Lumaku sira Kriyan Patih,
manda-manda lampah alon,
wétning nora apti mintara,
suka anut ngumbara,
ndah tan koningéng margi,
mangké wus prapta ring Kling,
wus atur saprakaranning lampah,
Sri Natta ngucap alon,
ih yayi ku minusthi,
gumawé alanning lampah. 224.

/78b/Alara Sri Narapati,
Sri Pramiswari angépon,
ndah tan koning laran nira,
Sri Madéwi winarnnan,
/79a/wus prapta ring Kadéri,
Rakriyan Dmung Tumenggung / angiring,
samma sampun umanjing ing/ pura,
Sri Naréndra tinrajon,
asmu smita angling aris,
ingké sira alungguha. 225.

Duh sammakna ingsun tuwan,
endi anak ira,
Sri Madéwi matur,
wus wyar ring kutta,
norakna inungsi. 226.

Radén Indu Krettanatta,
laku angombara,
yan nora katmu, Dyah Candra-/ kéranna,
nora mangsul maréng Keling. 227.

Lintang lara Sri Bhupati,
tinembung lara ginepon,
aniba sira antakka,
kang wong agarawalan,
Sri Madéwi nulungi,
sampun sira anglilir,
ngusap soca teher sira ngucap,
asret metu ujar alon,
duh yayi Mahadéwi,
sira umadeg ri pura. 228.

Gantyanin sang wus alalis,
Sri Madéwi ngucap alon,
/79b/wimudda patik Sri Natta,
sih tuhu ttan panenggaha,
gegen sakareng kinanti,
sampun samma pinisinggih,
ndah tan kawarnnan sukahanira,
mangké ta sang kalaron,
gumanti ya winarnni,
Radén Indu Krettanatta. 229.

Mungguh ring kutta-Wandira,
pinarek ing wadwa,
Rangga Wirada matur,
singgih Mas Pangéran,
ring endi karsha Ndrepati. 230.

Rahadén Indu angucap,
yan atut ing nalla,
ri dénta lumaku,
pada asalin aran,
sun Panji Jaréngsari. 231.

Si Ranggawiradda nammi,
Punta Kbopanggrus ginogon,
Kartala Mahishasura,
kaka Si Widdasaka,
namma Lembu Suréngpati,
kagét Kén Tumenggung prapti,
mendek anembah ring sang lwir/ smara,
nuli atur alon,
singgih Déwwa sang apekik,
wus ring pura matuh ira. 232.

Lintang lara Sri Ndrepati,
/80a/kapati sira ginepon,
wétning panguccang ing lara,
ri lungha pakan nira,
kagét prapta Rakriyan Patih,
inutus dé Sri Naténg Kling,
sregep sopacaranning ayudda,
sira Panji ngucap alon,
agé prapta kaki Patih,
asih ing wong inasraya. 233.

Sira Kriyan Patih anembah,
alara Sri Naréndra,
kahula ginrek laku,
dén Sira Sang Natta,
kinon anut lumaris. 234.

/80a/

Sira Panji angucap,
ih mangké adandanna,
Kén Apatih nuhun,
nuli adandan,
mangké purwwann-ya angawit. 235.

### PUPUH. V.

Ymangkat Sri Wirapanji,
gumuruh lampah ing bala angi-/ ring,
munggah maring acala,
sumengka agranning ukir,
marra aluhur,
lurahning karangann-ya ajimbar,
kadungus siréng pasir,
katon larapning perawon. 1.

Panabrang ing lumaris,
/80b/anglangut anempuh yyakning jaladdi,
adoh ulih lumarap,
lengeng ikanang lari,
muksah dén ing amngubu,
sumahab saking saluwang,
nempuh agranning ukir,
lakun ing bala winong-wong. 2.

Sang Apanji lumampah,
ndah tan kémutanning baya,
kedwanna ring lampah,
tumurun sira ring ukir,
ring iring ikang jurang,
akwéh kang wong gulung-ginulung,
larisning laku atitih-titih,
ana ta gumulung,
tibéng jurang kajumpalling,
giwang annalasar,
tiba ring parang apingit. 3.

Prapta mregghanatta,
kang wong prasamma alaraddan,
angili lumampah,
alulunnan maréng wingking,
sira Panji angucap,
ih kitta satwaddi-prabhu,
sun aminta dallan lumaris,
kang mreggha anuhun,
sigra nemu lirang malengis,
ring lampah ira,
karahinan sukun ing ukir. 4.

/81a/Umangsul kang mregghapati,
jron ing utan ya jinumog,
kuneng lampah sang lumarap,
prapténg talun awiyar,
tanem-tanemann-ya wreddi,
pisang wipalwa kumili,
puspann-ya njrah ring tepin ing/ awan,
tur anggula tigaron,
iring ing tangguli gending,
prasamma asehen sekar. 5.

Doshann-ya tinut melati,
padma karann-ya ring ulon,
summenarshanjrah ing natar,
mandalikéng karawira,
wregotpala ring pinggir,
kalaksonna asehen sari,
kang wong prasamma sukka umulat,
sira Panji ngucap alon,
asenettan iriki,
ana ring sor ing wandira. 6.

/81a/Jumujug sang lwir smara,
ring sor ing wandira,
kang wong samma uru,
wétning nora nidra,
nalusur nglila anglari. 7.

Anna mukti sarwwa palla,
kumendhuh ring awan,
lwir asung pasuguh,
supala akrah,
rurunn-ya aglar ing siti. 8.

Kawong samma suksméng kapti,
/81b/amukti langseb mwang limos,
palawira ring jujuttan,
palapungkur welandang,
garundut dwetta manis,
sungsung guyunn-ya binukti,
sira Panji ngucap alon,
ih kitta paramantri,
mangké adandan lumampah. 9.

Lumaku atta sira Panji,
anunggang wahana kawot,
Rangga-Ranggit naman ira,
wruh ring yogganning siksa,
gumuruh bala lumaris,
jurang predung wus kahirid,
prapta siréng wanna katanggaran,
lumampah siréng pantrajon,
angungsi labwan ukir,
prapta siréng labwan-lalang. 10.

Alamma déra lumampah,
tuwek Madé Candra,
dadi tta jumujug,
ring wira-jenggala,
wanna-sidayu paminggir. 11.

Retwanning wanna jagraggha,
sira Panji ngucap,
ingké akuwu,
akrah sarwwa pala,
talun banyunn-ya tiwreddi. 12.

Sira Patih amisinggih,
aglis mangun akukuwon,
awiyar talunning lalang,
/82a/umangun iyasha dinapak,
wangun-wangunnan-ya pring,
mahelet-elet pager pring,
wuwus atut sopacaréng pura,
kang bala akukuwon,
pindrenah ing panawi,
dadi kalumbrah kang wretta. 13.

Sri Karawira angapi,
maring sidayu jinupog,
asari tta lampah ira,
wétning rentang ing nala,
wus prapta ring negari,
kacunduk Sri Narapati,
agunitta ring sang paratanda,
Sang Natta ngucap alon,
kamayangan prapta yayi,
ingké pareng alungguha. 14.

Alungguh ring singhasanna,
Sri Wisnu angucap,
singgih arin ingsun,
Sri Surantakka,
ndi karshanta mangké yayi. 15.

Ri praptan ing duratmaka,
wuwus angawé kutha,
retwan ing wanna iku,
ina wagghatta,
ingsun mwang sira yayi. 16.

Angling Sri Suradipati,
ih mangké kaharep ingong,
sigra ngawé caranila,
akon agé gumingsira,
yan tan aptinn-ya ngombali,
/82b/lurugen aja gigisin,
sirnna gempung tekéng wadwan nira,
Sri Wisnu ngucap alon,
ingong tuhu amisinggih,
sigra lumampah kang dutta. 17.

/82b/ Rakriyan Tumenggung Mangku-/
bhumi,
Dmung Ulugorang anglakon,
sira Patih Jayahastra,
wadwan ira asinang,
sigra lampahé lumaris,
wus prapta ring wana-giri,
sira Panji ri sor ing wandira,
kang utusan annahrajon,
teka ya marepekki,
Ranggawiradda angucap. 18.

Ih sakéng endi sira,
nira césthakara,
kang utusan sumahur,
sun wong karawira,
inutus dé Sri Bhupati. 19.

Dén wruhé kapwa sira,
Kuddang ing karawira,
retwanning sidayu,
Sri Surantaka,
wasitwa ikang wanna iki. 20.

Punnapa sira anganti,
tandaranna akukuwon,
mangké agé pamintara,
alemeh sira ngombala,
/83a/ tan wun prapta Sri Bhupati,
panca-dashi kresna iki,
mrasthahakna salwiranning kutta,
Misasura kalaron,
kumedut jaja wok-bris,
gadgadda nuli angucap. 21.

Ih kitta sang wruh ing bhumi,
aja muwus winong-wong,
yan sira tuhu susramma,
pamulih kitta dén énggal,
ataggen uwanta kalih,
didiné sigra amreppi,
ngong sanunggal tan ulappa,
aptin ingong aguguron,
wruh anyangking Nrepati,
gadgadda punang utusan. 22.

Anepak lemmah lumarap,
tur amungkas wastra,
swarann-ya gumuruh,
asumbar sumbar,
sapasar tan wun prapti. 23.

Ndah tan koningha ring awan,
wus prapténg negara,
mendek ering Sang Prabhu,
prasamma tinatta,
sawuwus ikang ari. 24.

Krodda Sri Naranatta kalih,
kon nembang pangarah karo,
Sri Wisnu gupta angucap,
yayi agé pamuliha,
/83b/ sapasar laku minusthi,
Sri Surantaka misinggih,
anuli sira asru mintara,
lampahé tan alon,
sampun prapténg negari,
Sri Rajaputra amapag. 25.

Wus alungguh Sri Bhupati,
Radén Ino matur alon,
duh singgih Sri Naranatta,
mangké arsha amrangha,
wong akuwu ring wana-giri,
mné yan wuwus pipisinggih,
sampun agung brantadnyanéng/
naya,
tan pépalla Sang Katong,
purushamrang ing ari,
nora ya amengku jagat. 26.

Yapwan sidda alahan-ya,
ndah tan wetu pala,
yén sira Sang Ulun,
sidda kandappa,
sirnnann-ya tekéng negari. 27.

/83b/Tuhu yan sih asawitan,
atut asampriya,
ayunning negantun,
ginugya-guhya,
ring swastannikang negari. 28.

Sumawur Sri Narapati,
ramaniya pwa ginugon,
ana rakwa ring usanna,
tatwanning wira-purusha,
/84a/tinuha-tuha ring Aji,
yan sira Sri Narapati,
inawagatta ddé duratmaka,
yan tan wani angepok,
narati tunca gowati,
tumibéng nira ya padda. 29.

Kawong prasamma misinggih,
umanjing sira Sang Katong,
jumujug ring salu kilyan,
Sri Pramiswaryya amapag,
asmu guyu Sri Bhupati,
yayi papareng alinggih,
mangké ingsun lumaku amrangha,
tinawwagattan ingong,
dénning Sattriya ambrepi,
wannawa sitwa kukuttan. 30.

Sri Pramiswari angucap,
singgih Sri Naréndra,
sampun patikutu,
dén nira aprang,
alah ipén ingsun uni. 31.

Katon ta Dri Naranatta,
anunggang ring palwa,
sagrehanning laku,
tkéng Mntri brastha,
karem ering madyanning pasir. 32.

Sri Bhupati angling aris,
ngarekki sira sang anom,
duh yayi atmajiwitta,
sang murttinning sarasija,
asara madu ghnning,
tan sah jampyan ing akingking,
/84b/mas ingsun Sang Hyangning/kusuma,
patibratta ginugon,
tuhu ashih ring laki,
édan ashih pakan nira. 33.

Pinangku sihan ta yayi,
sun-ya nirbanna ginugon,
suddanning anut ashiha,
ana ring wayadyatmika,
satya-brattan ing istri,
agung swarggann-ya pinanggih,
yan susatya dammanut ing priya,
Sri Pramiswaryya ngucap alon,
kris kaprabon sun kinanti,
lirangku manggihi sira. 34.

Mnti wlas ira Sang Katong,
amangkoken kadga,
angaras tur amkul,
kantunna Pangéran suh mijil. 35.

Wus ayas Sri Naranatta,
sopacaréng yudda,
lelenginn-ya mlecut,
Sri Pramiswaryya,
mulat tan tresnéng putri. 36.

Prapti ri yawi Ndrepati,
sesek supenuh punang wong,
tabeh-tabehan gurnitta,
gending gubar asimban,
Sri Surantaka angling,
mangkat ta kitha dén aglis,
/85a/Wira Dmung sira mangaranna,
nuli mangkat dumudon,
lakunn-ya tan gigisin,
lwir bubur Sang Hyang ing lemah. 37.

/85a/ Sri Wisnu laku lumaris,
sopacaréng prang wus ginugon,
sama prapta ring katunggaran,
arayyan sor ing wandira,
Sri Wisnu sigra angeling,
yayi sdeng mangkat puniki,
wadwa wira sigra rumuhunnang,
nuli mangkat kang pangulon,
sigra samawus prapti,
ring talun wira-jenggala. 38.

Prapta kang Ratu pininang,
dé Sri Surantaka,
sanak-garannéku,
Sri Sura angucap,
bagé prapta sira yayi. 39.

Sahur Sri Angkara-bwanna,
aglis lumampaha,
nuli pareng laku,
guruhning lampah,
wuwussen sira Panji. 40.

Adandan wadwa lumaris,
siran Patih Kling anglakon,
gumuruh tabeh-tabehan,
yaya karungwéng wiyat,
Sang Apanji munggwing waji,
/85b/ Siranggа-Ranggit anammi,
wruh silaris nikang aswasiksha,
lakun nira kinatong,
koncuk mbarung lumaris,
wus prapténg Wira-jenggala. 41.

Atingkah byuha siraglis,
Dwiradda metta linakon,
Tulalé Mahishasurah,
makagadingé ring kiwwa,
sira Kbo suré ngkapti,
ring tengen Lembujayéng-ari,
sira Panji munggah anéng sirah,
Rakriyan Patih ginugon,
anggann-ya mapara-mantri,
tinatta tka ringugghat. 42.

Sira Dmung Karawira,
matur ing Sang Natta,
punang lawan Pukulun,
wuwus tumihang,
byuhann-ya wus pinasti. 43.

Tan lén Ndwiradda metta,
Sri Surantaka ngucap,
agampang puniku,
lah padannanna,
tempuhan dén aglis. 44.

Byuhann-ya yatta paddani,
Tulaleng Si Kbo-ijo,
pareng Mahisha Bungallan,
kang mungguh ring gading kiwwa,
/86a/ Tumenggung Amangku-bhumi,
Wira Dmung tengen angukuhi,
Sri Naréndra karo munggwing kumba,
paranatha kahughon,
Udara tka ring gigir,
Sri Wisnu-gupta ring ugat. 45.

Kang munggwing ayun wus apagut,
ramé kang prang rurek karok,
nora ngucap mundura,
sira Dmung krodda muntab,
Radén Tumenggung lumaris,
agul-agul dénn-ya ngunda watang,
wadwa Keling binabad,
akwéh ngemassin pati,
ginrek ginalah tinujah. 46.

Kendang gong asawuran,
rempuh wong jenggala,
tinut iya binuru,
nora wanni mulat,
Mahisha-suragung runtik. 47.

Ngingkis watang tur maring-/arsha,
prakasha angucap,
ih paran polahmu,
nirnut kasuran,
tan wun anemu gowéci. 48.

/86a/Tan wani kitan abecik,
jiwanmu dén pinupon,
dleng dén ing sakwéh matanmu,
/86b/tandangé Si Mishasura,
angingkis watang lumaris,
sira Kbo Wijaya lwir,
ararahup [illegible] tan bisha ngucap,
kang wong mlayu sinuduk,
doshané mundur samma wdi,
atinggal kasuradiran. 49.

Sira Dmung anudingi,
ah iki wani iringong,
adama ingong ajriha,
wirupanni kaya sira,
tuwanmu kon maréng kammi,
Mahisha-Suragung runtik,
tan pangucap tumuli amattang,
malah trus jajann-ya,
rudirann-ya muncar,
nuli sinuri,
sira Dmung wus pjah. 50.

Dén prih Mahisha-sura,
sira Kbo Panggrusmara,
atanding Wira Tumenggung,
padda legghawwa,
tandangé anngrassi ati. 51.

Kbo Panggrus angunus kris,
anglangkar wattang,
tumuli anuduk,
jaja wus dén tigas,
sira Tumenggung wasyanti. 52.

Balané akéh, wasyanti,
mundur kang wadwa ginepok,
/87a/maseh Kbo wilalungan,
atanding Si Lembu-sura,
suwé atanding kawanin,
silih anggal ndah tan gingsir,
akuyenghan angulatti cidra,
sira Kbo-wilalunghan,
pinrang pasah tkéng gigir,
tumiba sira antaka. 53.

Kang surak awanti-wanti,
sira Kriyan Patih kalonjok,
tinuju Rangga-wiradda,
asuwé tanding kadiran,
Kén Patih kasép atangkis,
sinuduk jajatrus ering gigir,
muncar kang rah tibaya antaka,
halan-ya samma klaron,
dawut payung kagingsir,
prasamma angungsi untat. 54.

Runtik Sri Angkara-bwanna,
anunggang matengga,
sarwwa ngunda dukduk,
ngadwaken bala,
gumuruh bala lumindih. 55.

Kendang gong asawuran,
arok kawong aprang,
anna silih suduk,
anambrang pinerang,
sing kasor atmah wasyanti. 56.

/87b/Kumucup Sri Angkarabumi,
anitihi asthi kawot,
Sang Apanji umulat,
amleg tur rangga maring arsha,
Sri Angkara angeling,
ih baya kitta ngaran Panji,
aptik temen tatta waman nira,
dénta laku anglanjam,
tan pracura ring bhumi,
angungguhi alas laranghan. 57.

Eman arupanmu apekik,
tan wruh sira ring lalakon,
amungpang Widi Awidya,
ndah tan ulahanning Sattriya,
akitta mangkéki,
ingong Sri Angkarabhumi,
washa wasittha ring wanacala,
Sang Apanji ngucap alon,
wnang sun akuwu iki,
nora anggrusak larangan. 58.

/87b/Wétning sun apti lumampah,
endi kinulemman,
wnang anggawé kuwu,
makapangebbhan,
kitta lwih buddi acinging. 59.

Krodda Sri Angkara-bwanna,
pakshané anrajang,
sarwwa ngunda parung,
/88a/atawing daddap,
sira Panji tan gumrisin, 60.

Sri Angkara anudingi,
ih kittangucap winongwong,
lihat tékang parung ingwang,
pangalap siwan nira,
sira Panji angeling,
aywa sira agung kapti,
sang rwa samma sira ngukih pranna,
kang asthi anglakon,
mider Si Rangga-Ranggit,
suwé déra akuyengan, 61.

Radén Ino wus prapti,
paksha nuduk saké ringan,
tiningallan sakedap,
kapisan pinrang antaka,
Sri Angkaranuduk nitir,
sira Panji ngléshà ramping,
sinrang ingusi déra Sang Natta,
sinép lakun-ya kacidra,
anungkap Si Rangga-Ranggit,
sinuduk Sri Naranatta. 62.

Anembur punang rudira,
aniba antaka,
sinuri pinundut,
nuli binuncal,
sri Surantaka gung runtik. 63.

Angadwaken watek wira,
gumuruh lumarap,
tabeh-tabehan umung,
/88b/lwir singharodra,
angiras candang amrepi. 64.

Kang dinunung sira Panji,
dinukti tomara ginepon,
Sang Apanji ndah tan giwang,
kuddan nira sigra multak,
Sri Surantaka angeling,
ih kitta dahat caliring,
masha urung angemmassan apjah,
ginrek ya tta tinrojon,
sira Panji atangkis,
Sri Natta nitih amabad. 65.

Winales dé Sang Apanji,
trus jajanin ira Sang Katong,
rudirann-ya amulakkan,
tumiba ta siréng lemah,
tumuli wus sinuri,
surak umung awanti-wanti,
kang prang awor tan kétung baya,
arurek dénn-ya awor,
anna nuduk iya cinangking,
wanéh amrang ya tinujah. 66.

Wira Tumenggung amranga,
Radén Aryya pinejah,
Rakriyan Dmung antuk,
Patih Pinrejaya,
siran Patih mjahi Mantri. 67.

Melayu wong Karawira,
/89a/kwéh atawan-branna,
ana tikel pupu,
swarann-ya angohan,
kaninn-ya binebed arawis, 68.

Sawann-ya atindih-tindih,
tan ana wnang ya linakon,
dumudug giri-kunapa,
lwir sgara rudira,
pinindalamun kang rawis,
rujnyrah pandann-ya ring pinggir,
rinacanna parangan ing aswa,
rampungning astha padda,
kumambang ring pasir getih,
lwir minna angumbang-umbang.
69.

/89a/Kang bala larut tan panolih,
binuru ta ya ginepok,
akwéh pinrang ya lumampah,
ana pjah ginalah tinujah,
krura wadwan nira Panji,
lwir bhutha apti mangan daging,
amranghamabad takněng, winilang,
akwéh dénn-ya kalaron,
anembah minta urip,
sang sinembah tan kahanan welas. 70.

Sri Wira Wisnugupta,
apti amalessanna,
Kén Apatih asayut,
sampun Pangéran,
/89b/masha mnang amalih. 71.

Satsat anglanginni jladdi,
yanna puliha,
anut Sang Ahulun,
samanung Sang Dwaja,
awus sampun ajurit. 72.

Sira Panji angling aris,
kang Rangga ulatta mangko,
anungkul Sri Wisnugupta,
singgih sang lwir smara,
bcik araryyan iriki,
alungguh sor ing waringin,
kadéhan nira samma marekka,
winarnna sang kalaron,
Sri Surantakka-patni,
sampun adandan lumampah. 73.

Tan kémut éng sutta kalih,
minusthi sira Sang Katong,
Sri Mahadéwi tinutta,
sampun samma salin wastra,
ptak alus bonyo-mirir,
Rahadén Déwi anangis,
akushah-kushah gumuling ing lmah,
Sri Patni ngucap alon,
sampun alara nini,
dén ashih ing kakang ira. 74.

Mneng Rahadén Narantaka,
Sri Patni lumampah,
kang tangis gumuruh,
/90a/Dyah Nilawattya,
Rahadén Ino kinanti. 75.

Mangké sang angungsi swargga,
prapta ring pancaka,
kang wong wlas anulu,
tkéng wannacalla,
prasamma lara makingking. 76.

Pring bumbang gumuni aris,
lwir lara anangis alon,
panjritning cetakéng tawang,
anyakra laku kellaran,
binarung ing tadah-ashih,
greh amndra umung ring lor-wé-/than,
mimba wikalpa takon,
sang susatya lumaris,
angungsi kapatibrattan, 77.

Lumaris Sri Pramiswari,
nora wdi sarwwa linakon,
lampah ring sgara-rudira,
iring ing giri-kunappa,
runjrah ana ring pinggir,
wruh sira anapak arangin,
tindakki ratken tikel ing galah,
wangkéyang asthi kadungus,
kang rah lwir aértali,
kumucur saking brannann-ya. 78.

Ageyuh déra lumampah,
umider ring sawwa,
dadi ta kacunduk,
sawwa Sang Natta,
Sri Pramiswari anungkemmi. 79.

/90b/Duh singgih Sri Naranatta,
dén sih anganteka,
anéng banjaran-santun,
sih atuntunnan,
rengkan ing wagugal-agil. 80.

/90b/Tannasuwé dén-yanangis,
angunus dhuwung makaron,
tumanemhana ri jajja,
rudiran-ya mulakkan,
pjah Sri Patni kalih,
kang atma nutting Bhupati,
gumuruh tangis kang wong umulat,
Sri Wisnugupta akon,
amasmi Nrepati kallih,
mwah sakweh ing Para-natha. 81.

Radén Naranataka prapti,
Sri Wisnu angucap alon,
"Kaki anak ingsun prapta,
papareng umarekka,
maring sira Sanga Panji,
ngaturana jiwa pati",
Radén Wirantaka angucap,
"Tan miwar sun i pakon,
apti aminta urip,
anut saparanni lampah". 82.

Dyah Nilawati kelaran,
nangis asasambat,
ibu sih i ring sun,
alapen kang jiwa,
suka tumut wasyanti. 83.

/91a/Radén Wirantaka ngucap,
"Sampun agung lara,
siphatti Hyang iku,
mangké atur sembah,
ring Sang umor ing Widdhi". 84.

Kang laywan wuwus binasmi,
Sri Wisnu angucap alon,
"Anyuten asti Sang Natta",
Kang wong sigra lumarap,
Sri Wisnu angling aris,
pareng marekkakulup kalih,
anut sira Radén Wirantaka,
tur lumampah alon
tan asari lumaris,
katmu Si Rangga Wiraddha. 85.

sira angumpul wong ngéki,
Sri Naréndra ngucap alon,
"Duh Déwa Sang kinatwangan,
ngong aminta larapphan",
Marekki Sanga Panji,
"Singgih abechik lumaris",
Sampun prapta ri sor ing wandhira,
sira Panji ngucap alon,
"Alungguhaa Nrepati",
Sampun sira sammalungguha. 86.

Angling Sri Wisnu Gupta,
"Singgig Sang lwir Smara,
ingsun Ratu Sidayu,
aminta jiwa,
angaturaken putri. 87.

/91b/Sira Dyah Anawangulan,
nging ala rupan ira,
wimudda kadurus,
tkéng banwan ingwang,
tumut ri renna renni". 88.

Radén Wirantaka angling,
"Ngwang iki tinut akaron,
amintaha jiwitta,
dén sing ing inna-sraya,
wirupaha Nilawatti",
Sira Panji angling aris,
"Duh singgih Sri Raja Wisnu Gupta,
mwah yayi sih akaron,
lakun ingsun dhurgati,
rinasha lwir maha-mrettha. 89.

Sira Sang putri kalih,
anggrawanna ruditta tinor,
umulatting wamnan nira,
Sang lwir Hyang Manasija,
tan lén usananning branti,
pamurnnanning lara kingking",
Sri Wisnu Gupta mar mara ngucap,
"Ih Nini sira karo,
dé wruh sira ngastuti,
mangké ngong mintar ring wésma.90.

/91b/Sang Dyah kalih asmu wasphe,
wus amit Sang Natta,
sira Panji asung,
sigra lumampah
kang rawi wus tabeh asti. 91.

Sira Panji angucap,
/92a/Duh yayi katiggha,
pareng maring kuwu"
Anut Sang inajnyan,
pareng sira lumaris. 92.

Prapta ganjaranning ajurit,
sopacarannira ginugon,
prasamma munggah ring wésma,
tumut asalin basahan,
prapta kang tadhah asri,
nulya nadhah Sanga Panji,
kang wong prasama asukan-sukan,
sira Panji kalaron,
tan sah sumlap ing liring,
sira Dyah Candrakéranna. 93.

Tannasari munggah aguling,
sumekking citta kalaron,
nuli angineb lawang,
kang wong wruhi césthakara,
rep ndah tan wani angeling,
Sanga Panji laranangis,
sasambat ira anudut chitta,
"Dhuh mas ingwang lalu lalis,
tolihen ingsun Pangéran. 94.

Yadyan ping saptanyadma,
acatwa turidda,
recep ikang ayu,
sira Pangéran,
usaddanning wong ngakingking. 95.

Lawan keseh ing sadda gati,
amranga raras,
rajuman ing atur,
/92b/tangisning bramara,
akusah-kusah ing sari. 96.

Sadinna inatti-ati,
mananmatannirèng klangon,
talyan sira atmajiwa,
sasarinni pranajnyanna,
ndah tan luhya inisthi,
pananmattan nirèng karasmin,
maka jampyan ing larati bara,
akusah angol wirangrong,
tinutting branti,
tan mari angajap tawang. 97.

Timbira wus dawuh asti,
tan mari lara angépon,
mangké gumantya rahinna,
muni satta karunna,
sira Panji umijil,
Rangga Wiradda sigra prapti,
tinut sakwéh wong kapracaya,
sira Panji ngucap alon,
"Adandan mangké lumaris,
umungsi ring Citrakutta" 98.

Prapta Radén Wirantaka,
sira Panji ngucap,
"Mangsul arin ningsun,
ngong ngamurang lampah,
satiba para lumaris". 99.

"Singgih Sang suksma ring nala,
nis kranna kang ngujar,
ingsun amkul suku,
/93a/satiba para,
dyastu apwara wassyanti" 100.

Adandan sira lumaris,
gumuruh lakun ikang wong,
tabeh-tabehan ghurnitta,
sira Panji lumarap,
tumut tang putri kalih,
Radén Wirantaka tan kari,
prasamma alungguh ring wahanna,
kang bala papalayon,
ndah tan kawarnéng margi,
prapta ring kenanna-wélla. 101.

/93a/Bangiwén sira lumaris,
jurang predung ya linakon,
wus praptta ring Citrakutta,
sumurup Hyang Diwangkara,
akuwu sor ing Waringin,
yatna sira Kryanna Patih,
atingkah dunungan tikang bala,
wuwus dén-ya adudon,
prenah ira kumemit,
kang wong prasamma anidra. 102.

Praladda Sri Surantaka,
Sri Raja katiggha,
yya Naténg Lasem iku,
mwang Pajang Mtaram,
tuhu asih asampriti. 103.

Putusning wara wikalpha,
apti atulungha,
nuli mangkat asruh,
/93b/tan koningéng awan,
prapta ring wanna-giri. 104.

Araryyan sor ing Waringin,
katrini apum Sang Katong,
Sang Naténg Lasem angucap,
"Yayi mangké karep ingwang,
darma-yudda inisthi,
siyanghana ikang ngari,"
Sri Naréndra karo sigra angucap,
"Tan hyasha ujar iko,
remekken mangké aglis,
sampun sira wanchak daryya." 105.

Ndah tan koningha ring latri,
prabatta mangkat angepok,
wus prapta ring Citrakutta,
kang surak umung gumitta,
kagyat balan ira Panji,
sammanambut astra lungit,
sira Kryan Patih prapta anembah,
sira Panji ngucap alon,
baya satru akwéh prapti,
papagen aywa akadat. 106.

Anuhun patik Batara,
tumuli lumampah,
Rangga Wiradda tumut,
mwang sanak kira
gumuruh wadwa lumaris. 107.

prapta ring Ratna Kuwéra,
kacundhuk wong Mtaram,
/94a/Iwir singha lodra mrungut,
angungsi knas,
anggragung ngrimah amukti. 108.

Anempuh balan nira Panji,
ramé kang prang silih hol,
tan ana ngucap mundhura,
srengen Mantri ing Mataram,
Radén Sudarshanna anammi,
tinut sanak ira kalih,
saha sabda "Paran wadiné,
prang iki swé tan agunung kunappha,
kaya asisiwo,
tarari kasiran." 109.

Ginulung balannira Panji,
abyuran akwéh kelaron,
déné wadwéng Mtaram,
pinrang cinurik ginalah,
prakimna ta ya wasyanti,
Rangga Wiraddagung runtik,
ngingkis wattang tur maring arsa,
Radén Sudarshanna tinrajon,
sigra ngucap anudingi,
"Ah iki wong angaladésa." 110.

Rangga Wiradda angucap,
"Kita ngaladésa,
memengi laku,
dudu tosning wira,
tandhangmu asmu cinging." 111.

Runtik Radén Sudarshanna,
tur angukih pranna,
/94b/Sang nginukih tar kéwuh,
nir surud binabad,
swé atandhing kawanin. 112.

/94b/Ra-dĕn kasĕp atangkis,
dinuk jajan-ya kelaron,
rudiran-ya mulakkan,
tumiba ta sirĕng lemah,
andhuli ta ya sinuri,
kang surak kawanti-wanti,
wirang sira Radĕn Suryyanasha,
Rangga Wiradda jinumog,
aptin iranyangking,
tan pantuk ta ya lumampah. 113.

Rakkyan Mahisha angingkis,
Radĕn Sudasanna ginepok,
dinuk dĕn ing tomara,
trus tekka ring walakkang,
pinugut tekĕ gigir,
kang wong mĕngashya kagingsir,
sigra runtik Radĕn Mayantaka,
angiras sirĕng lampah,
lwir singhareppa mukti,
Radĕn Surantaka amapag. 114.

Radĕn Mayantaka ngucap,
"Ih kita rarĕ bonchah,
mangkĕ gati satru,
amirang lampah,
nora anut ring Bhupati!" 115.

Radĕn Sura tan pangucap,
/95a/tumuli amattang,
trus jajan-ya iku,
aniba ring lmah,
Radĕn Mayantaka wasyanti. 116.

Hyang Rawi wus tabeh asti,
prapta bayu bajrangepok,
ktug lindhu ri payuddan,
wangkawa awilettan,
kang wong Mtaram kagingsir,
tinubbhi andila wresti,
akwĕh kabalang anibĕng jurang,
rempuh kang dwaja linakon,
marganĕng anibĕng siti,
kang wong tar wruhha ring awan. 117.

Kagyat Sang Natta katrinni,
rinasha dummitta kawot,
sĕndhung angulungngi wadwa,
Sang Natĕng Lasem angucap,
"Duh sira yayi kalih,
yĕki tan sih ing Widdi,
ri aptin nira yan anempuha,
anut Sang Natta karo,
sinurung dĕ wadwa aglis,
umangsul nusup ring alas. 118.

Tan kawarnna lampah ira,
umungsi ro wĕsma,
Sangha Panji winuwus,
pinarekking wadwa,
ring sor ing Waringin. 119.

/95b/Radĕn Surantakka prapta,
mendhek atur sembah,
"Singgih Pukulun,
kang satru laradan,
wĕtning timbira wus prapti. 120.

Tinut bayu bajra prapti,
binuru ripu ginepok,
sira Panji angucap,
"Tuhu sing Hyang Narayanna,
mwah ta sira yayi,
liwar sukan ingsun angapi,
dĕn iranom wuwus amrajaya,
pareng mangkĕ anglakon,
kinanti umanjing,
sampun sira wus anadhah. 121.

Ndah tan koninga ri latri,
ĕnjing sira lumampah alon,
gumuruh wadwa asinang,
pakshan ira anungkap,
ana ring ukir kawi,
anusup ring wanna wisti,
jurang predung sama kaliwattan,
prapta ring panrajon,
ri sukun ikang ukir,
ingaran talun awiyar. 122.

/95b/Araryyan ring sor ing Grodda,
sira Panji angucap,
"A Patih lumaku,
anggadé pasanggrahan,"
Anuhun sira Patih. 123.

Tan asari lumampah,
tinut sanak kira,
/96a/sira Kkryan Tumenggung,
mwang kakang ngira,
sira Dmung pupuh angawit. 124.

## VI. PUH DMUNG. WI.

Wuwusen sira Panji,
sumengka ring gunung,
ring madyanning ngukir Kawi,
ana sira Sang Mabhiksu,
apusphata Danghyang Dwéwdhi,
suyasa darma ginugon. 1.

Sura-brattha tar pingging,
satsat Hyang Mahulun,
dura darsanna kinapti,
anyakre-bhawwa winuwus,
suddha siddhanning kinapti,
susila darmmasri kayop. 2.

Sri Wangbang widyajnyanna,
ngaranning sunu,
wicakshanéng ngaji,
sira kinon umarekka,
ring Sang Ngepekik,
atur gangan pala-bungkah,
osaddhi mangga ring dusun,
adandhan sira lumaku. 3.

Tan koningha ring lampah,
prapténg witning gunung,
jinarumming Mantri,
sira Panji asmu smittha,
"Sapa ta iki,
sawismaya ngong umulat,
anyar prapta siréng riki,
surupa lwir Sang Maha-bhikshu",
Radén Wangbhang asmu guyu. 4.

"Duh singgih Sri Narapati,
ingsun Wangbhang widyadnyanna,
/96b/sunu dé Mpu Widyatmika,
sun kinén amegil,
atur gangan-gangan gunung,
osaddi mwang pala-mula,
minyak susu gretthaddhi,
sih angampunnéng wimuddha dusun"5.

Sangha Panji muwus aris,
"Singgih Wangbang Widyajnyanna,
liwar sukanning twas ingsun,
lwir kaguntur an manik,
ring praptan nira anurun,
aptin ingsun umarekka,
ring paddha Sang Maha-yatti,
sredah pangempwan nglarappaknéng/sun.6.

Radén Wangbang muwus aris,
"Dirggha yusha,
aptin ira Rahadyan,
ngong tan atiwar ring laku,
anutting kapti,
lumaku ring udyana puspha,
sinarwwi anglipur uyung,
umahalling puspha,"
Sangha Panji ngling ngaris,
"Dibya rammaniya iku,
mangké adandhan lumaku. 7.

Ndhah tan asari atangi tur lumampah,
tumut Radén Wangbang,
Rangga Wiraddha dumulur,
mwang sanakkannéki,
kang wong samma akmitthing joga,
/97a/anuting Sang para-wadhu,
kuneng lampah ira,
munggah ring geger anginggil,
mangha mulat ring kalangun,
rumbrumming saka-caksu. 8.

/97a/Akwĕh kucur ing aĕrtali,
aniban ing karang-karang,
lwir agran ing jambangan,
sinuluhanni rawi,
umentas kang wĕ anembur,
amangun-mangun imma,
umtu kang riris alit,
kuwung-kuwungn-ya dumilah asru. 9.

Rahadĕn Wangbang ngling aris,
"Singgih abchik lumampah,
umungsirring pangeswan,
kusumman-ya sheh sari,
angayam-ayam Pukulun,
ring Sang Hyang Manasija,
prapta anglanglang karasmin."
Sira Panji suka asmu guyu. 10.

Nher ta sira lumaris,
wonten balĕ,
ptang asri kadungus,
angungkuli parung,
tirah ing warih,
angringring jangga saptangkura,
kaheban angsanna mayung,
irikalungguh,
amamna-mamna kerasmin,
ikang ukir Kawi puniku,
tanning rat alepn-ya alangu. 11.

/97b/Tuhu yan murtin ing angawi turidda,
ing karas-karas lulut,
atanah raras ati,
aracanna karasmin,
nika smara tura,
wkasning ati pinupul,
ring mekara-dwaja,
ulahhi nahen kingking,
Sang atngeran Jaya-puspa tuhu,
nglanglang saka-langu. 12.

Cihnan-yanĕng pateh ati,
nikang Dyah anghangarang,
tan sah ri padma mkar,
rinerebbhi kĕtaka,
aririis-riris rawat truh kingking,
apater tangisning wiyogghakung/
ngatatit,
mredhun ing nayanna nawung lulut.
13.

Ndan atur mangkana pangapti,
nira Twan Mantri tuhu,
yayahanna ring swapna,
kalangenni wanadri,
panja-panja kaworan ima,
awor kukusning amuja,
smu mletuk kasiriring pawanna,
sugandan-ya marum. 14.

Apanta-panta langun ikang asramma,
muksah-muksah dinulu,
dĕn ing dohn-ya,
winuni banjaran sinom,
/98a/andong mirah atuntunan,
kayu puring mwang kayu mas,
abra kadi awarah,
yan ana Maha-yati,
lwir kadya muja smara langu,
jaya gantin-yanggung kung lulut.
15.

Lor wĕtan amurwwa rasmi mahari/
angungang,
sakamatan,
bwat smarasanna aresik,
atiyang raggha kingking,
asulur lulut,
awwat-wat karasmin asusur,
karesikkan wiyahn-yakung,
atali wlas sih,
wuwungan-ya lagi arsha batur,
sranggaran-ya mbah ing rum. 16.

/98a/Rumn-ya nuksma ring ati,
pilih pangasrayanning lulut,
atilam raga-turidda,
tan sĕng raras ati,
sinambiran priyambadda manis,
manisning sarimang,
agattha kung panggrangih,
tadhalasn-ya panggringgring ing/
lulut. 17.

Pada smu katalyan manahi,
acangkramma knĕng yun,
mĕsi turridda lulut,
mihatti sarotpati,
/98b/ri talaggha asuweh raggi,
panggringgring ing kumbang,
kadya kidung amanis,
lalitan-ya ngemban-emban madhu. 18.

Ndan Sang nganglambang antuk/
malih sawitthan,
ling ira asmu guyu,
"Rahadĕn lah wacannen iku,
ndi ta ya angiwangi!"
Rahadĕn tumulya amedhar,
wruhtayĕng guddakara,
swaran-yarum amanis,
kadya mumungu lulut,
tapning basha sranggarawuh langu.19.

Sama suka muji-muji sa-kadĕhan,
prasamma arsha angrungu,
Radĕn Wangbang amuwus,
"Abechik lumaris,
umarekki wayah ira!"
Sira Panji lumaku,
prapta umarekka,
nembah i jeng Maha-yati,
ling ira Sang Maha-biksu,
"Alungguha sira mas ingsun. 20.

Duh Dĕwa Sang lwih apkik,
warah ulun dhugga-dugga,
paran don ing amisatta,
tumilar nagari,
tar kĕmuttĕng yayah indhung,
angĕmanni lampah ira,
/99a/tan kĕtung kang pringga/
wisthi,
praptĕng asramma sun-ya angun-/
ngun.17.

Sira Panji sumahur raris,
"Singgih Sang Sri Maha-dwija,
marmmani prapta anusup,
ana ta ya minusthi,
yan tan sidda katemu,
nora umangsulling wĕsma,
Dyah Candrakĕrana nami,
alami nis sirĕng nagantun. 18.

Sumahur Sang Maha-muni "Dhuh/
Pangĕran,
liwar sih irĕng sun,
dĕra pinunchalling lulut,
nora temu ring ukir,
umangsul tayĕng nagara,
wkas tan wun ta ya tinemu,
ring banwa Warawan,
ana praptang kamĕddi,
anglawad praptĕng nagantun,
yĕku unggwanning tinemu. 19.

Duh tuhu ujarku kaki aywa lara,
pan jatukramannira,
Dyah Candrakĕrana iku,
nging lamma anganti,
mungguh tayĕng banwa Warawan,
sumuku ri jeng Sang Prabhu,
Karang Prannaraggha,
unggwan ira anganti,
/99b/talunnalwa awiyar iku,
tedanen ring jeng Sang Prabhu.20.

/99b/Sira Panji suka angapi,
marmara alonnamuwus,
liwar sukanning twas ingwang,
lwir kagunturan manik,
rasanning citha angrungu,
warshadnyanna Sri Maha-dwija,
mimba trenna latta aking,
mangkě prapta linawadding jawuh. 21.

Asuweh lumung asari,
rasanning twas abungah,
amit mangkě pakanira,
mangsulling nagari,
angling sira Sang Biksu,
"Anadhaha mas Pangěran,
lilus tales wiku mili,
sih amukti gangan-gangan dhusun".22.

Anuhu Sanga Panji tumulya nadhah,
Tumut Raděn Wangbang,
prasama suka amupu,
sawijilling ngukir,
sampun sira wus anadhah,
kang wong ngira anayub,
sampun aluwaran,
amuhun Sanga Panji,
suka sira Sang Maha-biksu,
Sanga Panji tur lumaku. 23.

Tumurun sakěng ngukir,
sigra lumampah,
tumut Raděn Wangbang,
/100a/amitta ya umangsul,
sira Panji lumaris,
tinut sakwěh ing pawongan,
para-wadhu adulur,
prapta sirěng lebaktawwa,
iringan ing ukir,
tar kětung pringga linakun,
wus prapta ring rambut kedung. 24.

Wus sumilem Sang Hyang Rawi,
kukulem sirěng katanggaran;
prabatta sira lumaku,
bangiwěn ring margghi,
prapta banwa aru-aru,
tepisiring ing Warawan,
sira Panji ngling aris,
paran ingkě kang banwa linakun.25.

Rakryan Patih matur raris,
"Singgih tepinning Warawan,
ngaran banwaru-aruhan",
Sanga Panji angling,
munikna tengeranniku,
umung swaranni mrantaka,
kagyat kang wang paminggir,
lwir kinaladděsha děnning ripu.26.

Agarawalan umijil maring awan,
jumaggha jagghanni ripu,
Ndan Sri Narapati,
ngrungu swaran ing mrantaka,
sigra mtu tayěng manguntur,
/100b/pepek para-tanda,
prasamma reppanangkil,
sira Kryan Patih ring ayun,
tar wruh ri salyan ing tanu. 27.

Kagyat prapta wong paminggir/garawalan,
mendhek atur sembah,
samakna pathik Pukulun,
děn wruh Sri Bhupati,
Rahaděn Jayapuspha prapta,
mangkě ring pinggir umungguh,
akwěh kang prawira,
Sang Natha sigra angling,
ah Patih rashanana iku,
Raděn Singha Mantri amuwus. 28.

/100b/Duh singgih Sang Maha-bhu-/
pati,
aywa gung manastapa,
mangkẽ ngong apti amampang,
tar rengan dẽ Nrepati,
rinasha gila kang winuwus,
marmara sira angucap,
duh mangkẽ kaharep mami,
kaki Patih sira lumaku. 29.

Aturanna kang negeri,
ring Radẽn Jayapuspha,
tumut sakwẽh banwan nira,
katekkanning puri,
sira Kryana Patih anuhun,
sagrehan sira lumampah,
/101a/kuneng sira Sanga Panji,
anjugjug lumampah tannasru. 30.

Dadi tumandhuk sira ring catus/
phatta,
ri sor ing Wandhira,
kang wong agawok andhulu,
rep tan wani angling,
samma angadeppẽng lemah,
sira Kryana Patih umatur,
singgih Susuhunan,
Sang lwir Smara-murtti,
mwang Hyang Gowindha apupul,
ring prang darpa yan winuwus. 31.

Kahula kinnẽn angadeppi ring/
jeng Pangẽran,
dẽ Sri Naranatta,
angaturanna negantun,
ri jeng Sange pekik,
katka-tkẽng para-poran-ya,
sira Panji asmu guyu,
ingsun umarekka,
ri jeng Sri Narapati,
sira nglarappanna ingsun,
sumuku padda Sangahulun. 32.

Anuhun Rakryana Patih,
tumuli lumampah,
kang wong sama agarawalan,
awuwuran mijil,
kang rara adulu-dulur,
ana kalukaran jamang,
katon tang susu marupit,
/101b/lwir asungakna ring/
Sang abagus. 33.

Wus katur ring Sri Bhupati,
Radẽn Jayapuspha prapta,
tumuli agarawalan,
mijil Sri Bhupati,
dadi ta sira tumandhuk,
ana ring yawi larangan,
Sang prapta anglungsur rapih,
mendhek anembah ri Sangahulun. 34.

Gipih Sri Bhupati nambut as-/
tannira,
Sang Hyang-hyang sinembah,
lah ta papareng alungguh,
nuhun Sanga Panji,
alungguh ing palimanan,
Sri Narẽndra sih angucap,
singgih mas Pangẽran,
dẽn tulus sih ing kami,
nama ing raja adusun,
aminta wisuddha ring tanu. 35.

Sang winursitan angling,
atur sembah,
singgih Sri Naranata,
liwar suka ngong angrungu,
lwir trenna taru aking,
mwang lungning jangga ngulaya,
mangkẽ tembya ngrungu guruh,
sukka amiletta ri padha sri/
Narapati,
sih andamma wong kawlashyun,
/102a/lwir sirara tinubbing/
awus. 36.

/102a/ Ongeng Sri Narapati,
asuwé ndah tan pangucap,
rumasa-rasa siréng nala,
yéki wong apkik,
katekéng tanu anulus,
mwah kang wong ing jro pura,
tinon Sang Hyang Smara prapti,
sok kindap-kdap tan kahanan mur. 37

Sama suka amuji-muji,
ri surupan-ya wiryyawan,
satsat Sang Hyang Manasija,
uminda ring bumi,
sawanéh ana amuwus,
ngong yan asih winulattan,
amrekkawan ring sasasih,
duggha-duggha rasa nuksméng tanu. 38.

Ndan sira Sri Narapati sigra/
ngucap,
singgih Sang lwir Smara,
sira mangké amunpun,
salwan ing negari,
dén tuhu warah i ringwang,
ring banwan ira winuwus,
wibawa dinatta,
rupa lwir satryaha lwih,
nora pinampang anéng bhuh,
surupa lwir Hyange Tanu. 39.

Gumuyu Sanga Panji singgih/
Sang Natha,
/102b/ ngong tar wruha ring banwa,
mangké sih Sangahulun,
ring wong ina jati,
tumadhah banwa prannaraggha,
wisuddanning akukuwu,
angling Sri Naranattha,
sakarshannira kaki,
mangké dén asihanna,
ring rajya salu kidul. 40.

Anuhun sira Panji,
Sri Narendra sigra angucap,
Apatih sira miwéka,
sidda lwir kottha iki,
sira Patih anuhun,
aluwaran Sri Naréndra,
Sanga Panji kinanti,
tur jumujug mungsiréng salu/
kidul. 41.

Tumut Rahadén Singa Mantri,
tumuli sira angucap,
kaka dén asiha sira,
ring sun ina jati,
sira Panji asmu guyu,
punapé sun ana siha,
angling Sri Narapati,
dén asih asanak wong gila/
dusun. 42.

Sigra praptang tadhah asri/
sopacara,
Sri Naréndra angucap,
anadhaha mas ingsun,
/103a/ anuhun Sanga Panji,
umanjing sira Sri Naréndra,
sira Panji suka andhulu,
tumuli anadhah,
tan kawaméng dina latri,
wétning raja subala wibhuh,
noranna bayaha kéwuh. 43.

Wus putus salwir ing puri/
saprakirnna,
Rajya Prannaraggha,
sopacara alangu,
tinawing ing Mantri,
tkéng unggwan ing para-pora,
Sanga Panji wus mungguh,
ring Karang Prannaraggha,
tumut Sang para-putri,
kang wong samma nuksméng tanu,
lanang wadon ya sumuku. 44.

/103a/Sawarsha Sanga Panji nganti,
umurah ikang buwanna,
wwah-wahan tuhu anebap,
pasawahan wus dadi,
tanem-taneman-ya lumung,
wreddi kang pala-bungkah,
kusumman-ya ashen sari,
lungning jangga rumingring ing/
santun. 45.

Sama suka muji-muji,
ring pratapan iréng sarat,
praptan nira Sang lwir Smara,
winimba Hyang Widdi,
suka sira Sangahulun,
/103b/winongwong sapolah ira,
hnengakna Sanga Panji,
sira Dyah Candrakérana wi-/
nuwus. 46

Alamma dén ira nganti ring/
asrama,
ana ring giri Syamma,
tumadhah sih ing matuh,
Dyah Béko Gandasari,
mangké praptang asuji masa,
wor ing kartika alangu,
angsokka phaddapa,
kusuma shen sari,
ingayon tangguli ketur,
sikaring gringgring alumung. 47.

Sang Dyah sira lumaris aka-/
langwan,
mara ri taman sek skar,
pawongan nira adulur,
tumut Sang putri kalih,
wus prapta ring udyana puspha,
suka mulati kalangun,
ikang rawa-rawan,
sarojan-ya seh sari,
praptang tapodara nempuh,
pagalocitta multak mumbul. 48.

Jumujug Rahadén Déwi,
alungguh ring silanayanna,
samipanning Karang Smaja,
ring tirah ing warih,
/104a/kahebban angsanna mayung,
ruru ashen sumkar,
rinubung dén ing pusphalit,
brahmaranggrang angisep ring/
santun.49.

Sang Dhyah smu guyu angling aris,
kang Bayan lumampaha,
undhuhana puspharasha,
tumut sanak iréki,
sang inajnyan anuhun,
anuli sigra lumampah,
lukar ing jamang angrawit,
membatting astha arjja ma-/
lurus. 50.

Kén Bayan aris anempal pri-/
yaka,
ndhawan kanigara,
Kén Sanggit anempal ungu,
tinutting pusphalit,
Kén Pasiran nempal sridanta,
kalaksonna mwang skar ungu,
Dhyah Pusphajiwitta,
tumut Dhyah Mrettasari,
akwéh déra mupu santun,
sumanarsha manguneng galuh. 51.

Kén Pangunengan angahal pa-/
rijata,
lawan puspharasha,
sigra sampun kahatur,
ring Rahadén Déwi,
rumasha-rasha siréng nalla,
lumipuréng laréng tanu,
/104b/marmara angucap,
aseng smitta amanis,
Ka Bayan mangké tumandhuk,
tumut sanakka dulur. 52.

/104b/Partha-yajnya dén kahiring,
lumekassakna kang dhadhap,
pan sira wus pratamma,
sumindanning ajurit,
Sang inajnyan asmu guyu,
sarwwi amecikking laras,
prasamma pareng angingkis,
sroninn-ya ngrawit,
lwir jangga lumung. 53.

Ngadeg sarwwi amecikki,
sampur-sampur manglé skar,
ajnya ya kinarang-karang,
arumpuk kang sari,
pantes dén-ya anglikung,
tngahn-ya ros mambetta madapha,
katon kang suswarupit,
n-yuh danti érang arjja magemuh. 54.

Tumindhak ya kasirirring kén-/
kénnira,
sinulamming suwarnna,
katon rurusning pupu,
katekéng wentis,
sumlang anolih pantes amanis,
uryyanning siphat luhur,
tinrang ing mas drawwa,
tumut jenun-ya awilis,
émbeh rasmi kucur ing banyu,
lwir gendhing gubar gumuruh. 55.

/105a/Sumyok pasurakking camara/
kanginnan,
ana ring geger alangu,
angadwaken lulut,
amagéng kasih,
pinrang ing pudhak nahen raras,
tengeran mirah lumaju,
punang wyaila-puspha,
tinut sinwam jininjring,
ési turidda jayéng rumrum,
leleh ing twas sahajur. 56.

Prasamma arsha angliring,
tiniban raggha turidda,
mukshahi twas tan pajiwwa,
ndan Sang lwir Ratih,
liwar sukéng twas anulu,
lengleng lwir pratimma ratna,
ingembannanning masaddi,
leleh ing twas winarnna alumpur.
57.

Ndan awussan sammalinggih,
punang Kaka-kakan nira,
wonten Dyah Manniking Raras,
puji wruh ing kawi,
warnnan ira tuhu ayu,
sinawang ya manglé sekar,
apatra Dyah anglung ragi,
prapta atur cinaggha mwang ungu.
58.

Marekkanguswaken manisning/
wacanna,
Déwa Sang srin ing rumrum,
lihat rumrumning ungu,
mwang campakka wilis,
/105b/anggrat madhu mwang/
cindaggha,
yan tan ring wéni Pukulun,
amalampah sanmatta,
ring Sang murtin ing manis,
muré mrebuk rumrumming gadung,
yan tan sih mungguh ring gelung.
59.

Marmman ing marek ing Ratih/
angatphadda,
partha-yajnya kalulut,
wyakti tan pasiring,
pamrih Sang Hyangning Kusumma,
pangidep ingsun pukulun,
dén sih Hyang mekera,
prapta nglanglang karasmin,
jaruman ing tatit,
guruh suksma,
ring jaladda mendung. 60.

/105b/Asmu guyu Radèn Dèwi,
kaka Sang Dyah anglung raggha,
kaya dudu ujar ira,
pan tan swartèng kapti,
ndikapan angshanna ungu,
angatagging madhu-bratta,
munggwi wiwara anganti,
Dyah anglung langha asmu guyu. 61.

Prapta Sri Bèko Gandasari,
aptin ira acchamanna,
Sang Dyah asalah unggwan,
sumembah Sang prapti,
Sang sinembah sigra muwus,
sira Sang Hyang sinembah,
pareng alungguha Nini,
/106a/Sang Dyah mendek sarwya awotsantun.
62.

Pareng alungguh ring panti/
ammadapa,
asring kinarangan,
Sang Sri matuh nuli amuwus,
duh anak ingsun Nini,
aywa siraha warang-nala,
rengwakna wuwus ingsun,
kramanning dumaddya,
ndah tan simpang kang wisthi,
mangkè lama sira mungguh,
ana ring agran ing gunung. 63.

Asuwya dèn-ya anganti kakang/
ira,
ring banwa Warawan,
pinendem-kula kawuwus,
sira sinudè kapti,
ndan Sang kinèn asmu wirang,
sarorwan tangis tumungkul,
mammara angucap,
pgat-pgat dènnirangling,
singgih Sang Sri Nrepawwadhu,
tan sukka mangsul Pukulun. 64.

Tuhu wruh ta ingsun Nini,
mulan ing wirang ing nala,
dèn irangdoh lumaku,
pinindan ing wini,
duh mangkè kaharep ingsun,
ginandyanning lakun nira,
wantunnan ing abawa laki,
punang kamèdi bhawwa linakun.65.

Asalin aran sira Nini,
anamma Panji Wargasmara,
/106b/Kèn Bayan sira anamma,
Si Rangga Tangguli,
Sanggit nama Lembu Ungu,
Pasiran Misha Katrangan,
Pangunengan Kuda Mlati,
Dyah Puspha Jiwa mwang Puspha/
Santun.66.

Yata waduni kamèdi kinarwwanan,
Sang inajnyan amuhun,
mangkè Sang atapi,
adyus maring welahar,
sigra pareng ya umangsul,
tur munggah ring pahoman,
jumaya-jaya Sang putri,
winastwan sidan ing laku,
awusan sinung pasusuguh. 67.

Asalin basahan laki sopa-/
cara,
tinattha alangu,
tumuli sira amuhun,
sumembah ing binih,
Sang sinembah arsha angucap,
lumaku sira Sang arum,
moggha siddèng lampah,
Sang Dyah lumaku aris,
alon dèra lampah turun,
anutting sukunning gunung. 68.

/106b/Wus adoh dên-ya lumaris,
jurang predung linampahan,
/107a/sigra praptêng Katanggaran,
wêtning sih ing Widdi,
areryyan ri geger alangu,
kawuban angsanna mayung,
rinubungan ing pusphalit,
brahmara umung angisep santun. 69.

Mangamulat running sakaksi,
kadyasuguh raras,
panjrah ing puspharum,
pan kadang panteran ing,
asuji wor karthika langu,
panjrah ing kusuma,
langun-ya mulangunin,
twasning kawyasmara marang rum-/
rum. 70.

Dyah Pusphasari angling sing-/
gih Pangêran,
awlas Pakanira,
panggringgring kembang gadung,
pantes umunggwing wêni,
Sang inaturan angucap,
undhuhen puspha iku,
maka ginrantangan,
lakwan nikang kamêni,
wus kondhukêng puspha kahatur,
tinatta tuhwalangu. 71.

Akwêh kang wong prapti mangha/
umulat,
katon Sang Hyang Smara,
tumut Sang Hyang Sitangsu,
turun ana ring bhumi,
prapta Buyutting Katanggaran,
/107b/Si Wyagghrasura jujuluk,
sawismaya mulat,
sumuyug marepekki,
mendekkanembah umatur,
duh singgih Sang Hyang tumurun. 72.

Samakna wong kasêsi,
langgya atur ring Bhathara,
sidêng kapti piniwruhan,
mulanning Sang Hyang prapti,
ndi sangkan paran Pukulun,
alamma ngong angatpadda,
wawu prapta Sang Hyang Widdi,
anurunin ka wong dusun-dhusun.73.

Asmu guyu Sanga Panji,
ih dudu ujar ira,
ingsun wong ina pangumbaran,
lumaku kamêdhi,
yên ana sredhah anuku,
sasolah ing inna saraya,
kang Buyut sukka angapi,
awotsari marmara amuwus. 74.

Duh singgih Sang murtinning/
rawit sihanira,
ring dusun nir gunna,
apti anuku Pukulun,
sinolah ing rong ketti,
dên sih alungguh ring Paryyangan,
kahula apti tumurut,
lampah Pakanira,
angaturana padahi,
/108a/Sang inaturan asmu guyu,
anuli sira lumaku. 75.

Gumuruh wong angiring prap-/
ting Paryyangan,
akwêh kang wong prapta,
sama atur pasusuguh,
kang tadhah alep asri,
mamanissan badêg mwang kilang,
sopacaran-ya alangu,
sampun wus anadhah,
ra wong ira anyarik,
muni kang padahi gumuruh,
kang wong suka angrungu. 76.

/108a/Wuwus ayas sira Panji,
sopacaranning asolah,
lalakon nira alangu,
raja bangun sari,
pinacang-pacang pinuput,
ana ring Sang putri widarbbha,
ngaran Dyah Ayu Srigatti,
wus minusthi ring masha kacatur. 77.

Dadi ana angalangin,
ngaran Panji Lilasmara,
masuk tayéng dalem pura,
kineges Sang putri,
moggha kaciryyan ing laku,
kinepung kinandang-kandang,
dé Sri Raja bangun seri,
katututan ta siréng manguntur. 78.

Pinrang tinut ri gigir wus pi-/
nrajaya,
pjah ta sira ring dalan,
/108b/kawwat dén ing laku dudu,
wong ira wiwisthi,
angrémpong pjah ring dedalan,
sawiji ndah tan kantun,
ka wong kabéh mulat,
tuhu ulangun ring kaméddi,
lanang wadon rara dusun,
prasama tan arep mantuk. 79.

Wus luwar kang kamédi ndah tan/
lupta,
ka wong samma angarang,
aptin ira andhulu,
langun ing kaméddi,
dina latri ndah tan mintar,
anna ngembansutta putu,
ambawa tadhahan,
tan mantuk ring negari,
anut lampah Sanga Bagus,
suksméng nala tan pasuguh. 80.

Tan koningéng dina latri,
dén ira lumampaha,
akwéh banwa wus kahassan,
prasama angiring,
tan pakinas ring laku,
saparanning lampah ira,
prapténg Warawan negeri,
jumujug ana ring pasar agung.81.

Kahadang Sri Narapati,
sinéwa ring paséban,
Sanga Panji munggwing arsha,
kanchit umung ring yawi,
kang wong prasama gumuruh,
awur-wuran samma ngucap,
/109a/punang kaméddi lwih prapti,
sira Panji amit sigra umtu. 82.

Rangga Wiradda prapti singgih/
Pangéran,
kang kamédi prapta,
swabawan-ya alangu,
mémper ring kinapti,
sira Panji sigra angucap,
suruhana dén asruh,
Kén Rangga lumampah,
kantemu Sang wawu prapti,
Kén Rangga smu smitta amuwus,
singgih Déwa Sang Arum. 83.

Sinéngan déra Ndrapati uma-/
rekka,
tka ring wadwan nira,
tar lén apti anuku,
lampah ing kaméddi,
anut sira Sang sinéngan,
lumampah ana ring manguntur,
tinut ing pawongan,
angamer lampah amanis,
agawok kang wong andhulu,
sira Panji mangha andhulu. 84.

/109a/Rumasha-rasha ring atti,
baya iki arin ningsun,
rupa lwir Panji Sumirang,
tuhu ndah tan pingging,
Sang inulattan tumungkul,
sira Panji angucap,
"Lah mĕrĕnĕ sira yayi,
pareng alungguh sirĕ ring sun!" 85.

Ndan Sang prapta mendek aris,
/109b/alungguh ring baturranda,
ra wong ira ngadeppi lmah,
sira Panji ngling aris,
"Yayi dĕn wruhi ring sun,
duggha-duggha ingujaran,
ndi sangkan banwanta yayi,
lawan syapa namanta winuwus!" 86.

Wruh ta ya anglakonni Panji/
Sumirang,
Sang liningan angucap,
"Singgih sira Sanghulun,
ngong tar wruhhing gumi,
pan rarĕkliling lumampah,
sok kamĕdi pwa linakun,
Panji Wargghasmara,
naman ingsun wong wisthi,
tan wruh linakwan Pukulun,
Apanji Smirang puniku!" 87.

Asmu guyu Sangha Panji aywa/
sira,
apinda warang-nala,
atut namannirĕ ring sun,
mangkĕa asanak yayi,
lah ta pareng umarekka,
ri jeng ira Sangahulun,
tumuli lumampah,
kinanti kara lumaris,
agawok kang wong andhulu,
samma muji-muji amuwus. 88.

"Baya iki Sang Hyang Ratih,
atuntun ring Hyang Manasija,
asih sumenna ring jagat,
sutrepti ring bhumi,
/110a/wus praptĕng jeng Sanghulun,
kagyat Sri Naranatta,
kaweweggan rasĕng ati,
mangha mulat lwir pratimmalungguh.
89.

Katon lwir Sri Natĕng Kling,
tumut Sri Aji Phatni Deha,
tan pahi rupaddi raras,
ndan Sang wawu prapti,
mendek nembah ing babatur,
Sri Narĕndra angucap,
"Alungguha sira kalih,
agawok twas ingsun anudulu. 90.

Sawawa rupanta kaki lwir/
asanak,
tunggal kang binih ira,
ih syaparanta tuwan!"
Sang inajnyan angling,
"Singgih sun Panji Wargghasmara!"
Rahadĕn Jayapuspha matur,
"Tuwi sanak mami,
anut bawa aran tuhu,
sakrandannanut adulur. 91.

Kanchit umung anĕng jawi ga-/
rawalan,
prapta kang utusan,
Sri Raja Pudak Satgal,
munggguh ring paminggir,
tumut Sri Kundawijaya,
sanak Sri Natĕng Sadayu,
wirang sirĕng nala,
prapti atanding jurit,
kang otosan lumaju,
/110b/jumujug praptĕng manguntur.
92.

/110b/Namma Patih Wira Kěsari,
Rakryan Dmung Wyagraraja,
mwang Tumenggung Gajahsura,
prakasha děn-ya angling,
"Ih kita wong ing manguntur,
ndi Sang Panji Jayapuspha,
ngong apti atandhing jurit,
lah undangen agě sira umetu!" 93.
~~Rangga Wiradda angapi,~~
~~Rakryan Wirun Wirakalang,~~
~~mulyar bang ikang nayanna,~~
Rangga Wiradda angapi,
Rakryan Wirun Wirakalang,
mulyar bang ikang nayanna,
krekasha anudingi,
"Ih kita wong gila kadurus,
tuwi anjaya swara,
ěrang ta ngong amatyani,
nora marganě jumbuh amuwus. 94.

Pamulih mu děnna glis paměttana,
punang wara-yudda,
atagen tkěng tuwanmu,
prapta ri paminggir,
agě kita pamintara!"
Cěngkrong Bang umijil,
kinon anembanga pangarah,
anuli tinembang asru,
sira Panji ngucap,
dumununga sira yayi,
karang pranaraggha tuhu,
wenang sira akukuwu. 95.

Sigra mijil Sanga Panji,
wus amit ring Sri Narěndra,
tumuli sira lumampah,
/111a/muntab krodan ing ati,
pinangpang ing wira ripu,
gadgadda sira angucap,
mangka tka kita děnna glis,
tuten lampah ing wira amuwus. 96.

Gumuruh kang wong lumaris,
sira Panji sigra lumampah,
Sri Narěndra aluwaran,
sang Kaměni amit,
Karang Prannaraggha dinunung,
sagrehan sira lumampah,
salu kidul inungsi,
sinung radhah sopacara alangu. 97.

Kuneng lampah Sanga Panji wu-/
ri tepin ing banwa, wus prapta,
sampun sira dumunung,
kumemit ring tepi,
ndan Sri Natta Pudak Sategal,
wuwus sira akukuwu,
ring janggala wiyar,
Sri Natěng Lasem prapti,
sampun winarah ing laku,
ring ěnjing apti acucuh. 98.

Sri Natěng Lasem angling/
sirěng darmma-yudda, aywa lupa,
wětning ingsun wus kawus,
ana ring wanadri,
děn ing bayu bajra pracandha,
Sri Kundhawijaya muwus,
sampun wanchak daryya,
/111b/dudu ngong angěsemin,
umulatti wira ripu,
yadyan sahasra angrebut. 99.

Ndatan koninga ring ratri,
mangkě gumantya rahinna,
muni pwa satta karunna,
umung kang padahi,
Sangha Panji umetu,
adandan sirěng payudan,
sregep sopacarěng jurit,
lwir kěsari apti mangsa ripu. 100.

/111b/Kang surak gumuruh atri,
lwir karungwéng awiyat,
prapta Sri Natta katigghа,
Wira Dmung rimihin,
wadwan ira gumuruh,
apti lwir Naggha rota amangang,
apti amangsa daging,
tabeh-tabehan umyang gumuruh. 101.

Angregung prasamma atri mahu-/
rahan,
ndah tan palinggaran,
kang ring ayun wus apagut,
aprang silih okih,
samma angadwaken kadiran,
sing kasor tan wurung antu,
alah wong ira Kryan Tumenggung,
sira Dmung amuwus. 102.

Ih ala lakunmu ajrih tresnéng/
jiwwa,
masha urung pjaha,
/112a/dleng mangké ngong lumaku,
tur ngingkis watang arawis,
binuru kang wong Warawan,
linanjam tinut ginulung,
pinerang ginalah,
Wirakalang gung runtik,
tan pangucap lumampah asru,
Rakryan Dmung tinuju. 103.

Sira Dmung anudingi,
"Kita tuwi wong wirupa,
Sanga Panji Jayapuspha,
kon sira atanding",
Wira Kalang lwir pinupuh,
tumuli sigra amattang,
trus jaja sumengkéng gigir,
wus sinuri kang surak gumuruh. 104.

Sira Tumenggung agung runtik,
Wira Kalang dinungkap,
Rakryan Wirun anembung,
swé ngadu kawanin,
Si Tumenggung nitir amabad,
sinép sakéng iringan,
pinrang tigas tkéng gigir,
munchar rudira usus-ya mulu.105.

Surak awanti-wanti alara-/
ddan,
Wong Pudak Sategal,
Patih Késari anulu,
lwih runtik ing ati,
amleg turangga maring arsha,
Rangga Wiradda cumundhuk,
sira patih ngucap,
"Ih sapa kita lumaju,
/112b/lwir salaba tibéng banyu.106.

Rangga Wiradda angling aywa/
mangpang,
yén tuhu sudira,
pamenning astra tinempuh",
Sira Patih gung runtik,
amleg turangga tur amabad,
akuyengan nitir anuduk,
si Rangga Wiradda,
anglésha tangkisan-ya ramping,
jumog turangga ring pungkur,
sira Patih tinekek ring bawu.107.

Mangiwung apti awali,
tar pantuk kukuh jinambak,
tur ingereb griwan nira,
tumuli cinangking,
Radén Wiraprabha tumulung,
tumut Radén Suryyanasha,
Radén Narantakka prapti,
ananggahi sang rwa angrebut.108.

/112b/Radên Narantakka kinokih,
sudira sira pinampang,
Sang rwa nitir amabad,
kadgann-ya tinangkis,
Radên Wiraprabha sinuduk,
tumut Radên Sudarshanna,
sinuduk dê asta kêri,
karo pjah rudira anembur. 109.

Sri Pudak Sategal runtik tur/
maring arsha,
angunda tomara,
nitihi kudda jamus,
/123a/Sang Wira inungsi,
dinuk Radên Sarantaka,
sira Panji gipih tumulung,
Sri Natta angucap,
"Baya iki ngaran Panji,
apkik temen warnanmu,
êman rupa ambek dhudu. 110.

Sri Kundhawijaya prapti sa-/
kêringan,
tumrajang kakudda,
asru dên-ya amuwus,
rebuten wong iki,
agê mangkê sun dên tigas,"
Sira Panji amuwus,
"Lah sakarep ira,
nora sun angêsemi,"
Krodda Sang Natha angrebut,
sira Panji ngunus dhuwung. 111.

Anamma Si Kala Mitani,
munchar apwin-ya dumilah,
anggres nalan ing satru,
kudann-ya Si Rangga Ranggit,
wnang lakunn-ya mingsor maluhur,
gambira dên-ya anggrugah,
anokot lwir mreggapatti,
Sang Natta karo anreng mangrebut.112.

Karo kuddan-ya ngideri,
sira Panji anyakra,
karo tinangkis pharung ira,
multak tibêng siti,
lumumphat karo mlayu,
linuddi panasning kadga,
tinut tinebah ring gigir,
/113b/tar wisti amleg turangga/
layu.113.

Mungkur rodus tan panolih/
lwir mrebaggha,
Sang Natêng Lasem prapta,
nitihi diphak agung,
tinrajang dêra Panji,
dinungkap liman kaweweggh an,
Sang Natta multak umundhur,
kang liman tinigas,
bonglot Sri Narapati,
pjah kang liman pinupuh,
balan ira mungkur rudus. 114.

Akwêh pjah winahan wini gi-/
nalah,
pinrang ring deddalan,
sêsan ing pjah anungkul,
mangkê praptang latri,
aluwaran punang yudda,
sira Panji wus mangsul,
maring pasanggrahan,
kuneng Sri Narapati,
katrini sira hemmapupul,
angheb sor ing Ambulu. 115.

Wus putus phangulih-ulih,
aptin nira anungkulla,
ring sira Sang lwir Smara,
angaturaken putri,
sampun sira angutus,
umundang ing anak ira,
ndah tan paturu sawngi,
êpuh wngis nora mangan anginum.
116.

/113b/Rinashan-ya malih prapti,
kang satru nut lampah ira,
/114a/dadi gumantya rahina,
Raden Dewi prapti,
tinutting para-wadhu,
prasamma munggwing gilingan,
Sri Narendra ka-trini,
sampun sira adandhan lumaku. 117.

Sira Panji umijil ring catus-/phatta,
pinarek ing wadwa,
ri sor ing taru agung,
Sri Narendra prapti,
wuwus sira jinarumman,
katrini sira tumandhuk,
Sangha Panji angucap,
alungguha Nrepati,
prasamma mendhek ring ayun,
Sri Nateng Lasem amuwus. 118.

"Singgih Sangha Panji sun/minta jiwwa,
sampun warang-nala,
den sih ira Pukulun,
asung mretta urip,
sira munpunni buwanna,
katekeng putri Sangulun,
ala rupannira,
anama Dyah Suksmasari,
artha bendhan nira tumut,
sesin ing pura kahatur" 119.

Sri Kundhawijaya angling,
tumut Sri Pudak Satgal,
karwwa gorawa amuwus,
"Singgih Sanga Panji,
sun minta jiwa Pukulun,
ngaturaken bhuwanna,
tumut putrinningwang kalih,
/114b/acungking wimudda kadurus.120.

Ni Kusummawati anammi,
tumut Ni Gandhapuspha"
Sira Panji lonnangucap,
"Singgih Nattha katrini,
sun anedda sih Sanghulun,
liwar suksman ing nala,
ri sih Sri Naranattha katrini,
Sri Naranattha supurneng negantun. 121.

Sang Natta misinggih,
amit tur lumampah,
sira Panji angucap,
"Dmung aturakna iku,
raja-brana mas manik,
ri jeng ira Sri Naranattha,
para-putri umungguh,
ring Karang Prannaraggha"
sira Dmung lumaris,
Sanga Panji sigra tumut,
wong ira samma adulur. 122.

Kuneng Sri Narapati wus si-/neba,
ana ring pangastryan,
pepek sopacara langu,
sira Dmung prapti,
atur branna arttha-bendha,
angling sira Sanghahulun,
lah aturanna ika,
maring Sri Wira Panji"
Sira Panji prapta tumandhuk,
Sri Narendra gipih amuwus. 123.

"Duh Dewwa Sanga Panji,
jumbuh ing utang sun ri sira,
/115a/ndah tar kneng wibajyannira,
sakasha pratiwi"
Sira Panji alon umatur,
Sang Sri Narendra katiggha,
anungkul ring Sri Ndrapati,
branan ira andaja kahatur. 124.

/115a/Suka sira Sri Nrapati,
lagya sira nyumput suruh,
umungguh ring kajang mrak,
nher sinungan sira Panji,
"Anedda patik Sanghulun,
singgih amit Pakannira",
Suka Sri Narapati,
tumuli aluwaran Sang Prabhu. 125.

Sira Panji prapti Karang Pra-/
nnaraggha,
wusning sopacara,
para-putri alungguh,
daganning Sanga pkik,
maka muka Dyah Nawanghulan,
sira Panji amuwus,
"Endi unggwan nira,
Sangha Panji Wargghasmara"
Sira Nawangsasih umatur,
"Singgih ring salu kidul. 126.

Liwar kawenganning kapti Pa-/
kannira
anon polah ika,
lalakon-ya alangu,
tuhu pratamĕng gati,
ingaran Panji Sumirang,
nging rinasha-rashĕng tanu,
dudu kang wong lannang,
ujarĕ istri lwih,
baya iki minusthin tanu,
/115b/dĕn tilik lampah wong iku.127.

Rangga Wiradda angling aris,
"Singgih uddani Pangĕran,
ring ajnya Sri Maha-dwija,
ring ukir Kawi,
mangkĕ sun lampah alangu,
wiswa masha karthika,
sukla-paksha ĕka-ddasi,
patemwan ing Sri Wiraddi Prabhu.128.

Sira Panji angling aris,
"Ramaniya ujar ira,
moggha anna sihanning Hyang,
tuhu sira yayi,
sidĕng kapti apupul,
asarag apti muliha,
mara ring bumi Kling"
Sang para-putri suka angrungu.129.

Kanchit prapta tadhah asri/
sopacara,
sira Panji anadhah,
sotannira abesur,
praptanning ajurit,
amuni punang gamellan,
redep gupit linawang,
wina kinidungan,
sinamĕn ing gendhing curing,
sopacara tuhwa langu,
awusan tistis Hyang bhanu. 13 0.

Winamna Sangha Panji War-/
gghasmara,
pinarekking wong ira,
ana ring salu kidul,
Sangha Panji angling,
"Ring bĕnjing apti lumampah,
/116a/ana ring banwa Singhasantun,
winimba katĕlan,
wanchin ing abawa laki,
dĕra Dyah Anawang Sitangsu,
cĕsthakarangkwa winuwus. 131.

Kĕn Bayan asmu guyu angling,
"Singgih Dĕwa Susuhunnan,
moga ana sihan ing Hyang,
wisuddanning akingking"
Rahadĕn Dĕwi amuwus,
"Ndi dalanning awiyar"
Tur sira munggah aguling,
asalin basahan ayu nulus. 132.

/116a/Wong ira akmitting siti,
prasamma salin basahan,
Radén Déwi angemban,
anak-anakan gading,
"Duh Déwa anak ingsun,
tuhu asih ing kelaran,
pagurwan ira ring langit,
ingayam-mayam sih ing atanu. 133.

Kadulu dé Sanga Panji lampah/ira,
tininjo ring bhatta,
wasphadda dérangrungu,
"Tuhu iki Dyah ari,"
Sigra sira mungkah lawang,
kagyat Rahadén Galuh,
tahullan binunchal,
sinambut dé Sanga Panji,
wong ira sama umetu,
Rahadén Déwi pinangku. 134.

/116b/"Duh masku Sang Dyah ari/atmajiwa,
wruh angubda lampah,
alamma tta dén ningsun,
satwek sira Dyah ari,
atilar ing kutta Wandira,
lungsir syamma sungi ring sun,
rowang ing kalaran,
kinudungan ing akingking,
mangké dén sih sira Sang arum,
amuponnin wong kawlas hyun. 135.

Sadina inatti-atti,
panonmatannira Sang arum,
suksmaniréng karasikkan,
jampyanning ati branti,
sinudda-sudda ring tanu,
wyakti atmahana laywan,
yan tan sih sira Dyah ari,
ngamrettan ing wong mkaréng tanu,136.

Rahadén Déwi anangis,
akushah-kushah ing pangkwan,
rinemih-remihan ujar,
swara rumnga manis,
"Duh Déwatma jiwanningsun,
Sang sarin ing pranajnyanna,
brayan dinna tan sah inisthi,
pi malar-malar sih Sang arum.137.

Sang Dyah kasahan kawadi ti-/nitihan,
mukshah jiwan ira,
Sanga pkik amkul,
tan sah anungkemmi,
/117a/angliliira atma jiwittha,
angliliir Radén Galuh,
tur angusap soca,
ingemban tumurun aris,
din-yus ring pangkon aluru,
Sang putri prapta adulur. 138.

Ambawa wastra pisalin, so-/pacara,
Si Rangga tumihang,
sopacaran ing wadhu,
busanéng putryadhi,
Radén Déwi sinalinnan,
sopacaréng ratna-wadhu,
amuwuh ing raras,
tuhu lwir Hyang Sasih,
awnesning warnna maluru,
pinangku munggah ring salu. 139.

Umuni kang gendhing curing,
sopacaréng anawung lulut,
kagyat Sri Naranatta,
angrungu swaréng gendhing,
gumuruh swaran-ya alangu,
mangké gumantya rahinna,
Sri Naréndra umijil,
alungguh hebning angsoka mayung.140.

/117a/Si Rangga Wiradda prapti,
atur sembah ring Sanghulun,
Sri Narêndra angucap,
"Ih paran unggwanning,
padahi umyang gumuruh,
lwir wong anawung salulut"
Kên Rangga alon angucap,
"Samakna patik Nrepatthi,
/117b/angubda lampah ranak/
Sanghulun. 141.

Katinut dê patik Aji ndah tan/
kinas,
Radên Kretthanatta,
punang kamênni Pukulun,
ranak Sri Nrepati,
sira Dyah Candrakêranna,
uni atilar nagantun,
wus angawê rajya,
ana ring Kuta Waringin,
mangkê sih ing Hyang apupul"
Sri Narêndra kagyat angrungu. 142.

Kawewegan sirêng ati tur angu-/
cap,
"Apatih Miwêka,
sopacarêng ratna-wadhu,
anawung karasmin"
Anuhun sira tur lumampah,
prapta Sri Ndrepa-wadhu,
Sang Natta angucap,
"Pareng lumampah yayi",
Tumurun karo Sang Prabhu,
Karang Prannaraggha tinuju. 143.

Ri prapta Sri Bhupati rikang/
Karang,
kang wong agarawalan,
Nrepati maring salu kidul,
sira Panji gipih,
akaron turun anembah,
Sri Narendra anambut,
Sang Hyang-Hyang sinembah,
namma Siwa ya mami,
sampun sira samma alungguh,
Sri Narêndralonnamuwus. 144.

/118a/Kaya atran ingsun Nini,
mangkê sidda manggih sadyuh,
anemu nilotpala,
ring madyanning pasir,
asih ira Hyang Atanu,
tinapik ing nishakara,
uminda ana ring bhumi,
umurip wong nir srayêng tanu.145.

Ingusap-usap Radên Dêwi,
dên ira Sri Ndrepa-wadu,
"Tuhu wruh sira mmas mirah,
abawa wong laki,
mangkê dên asih Sang arum,
umanjing sirêng pagrehan,
tinut dê Sri Narapati,
sawuwus ira Sri Nrepa-wadhu. 146.

Sang inajnyan angling aris/
atur sembah,
sajnyan ira kasuhun,
suka Sri Naranattha,
tumuli lumaris,
pinundhutting garebong,
Sri Narêndra munggwing gayut,
gumuruh lumampah,
wus prapta sirêng puri,
Sang para-putri dumulur,
ring salu kilyan tinuju. 147.

Sri Narêndra tinangkil ring/
pangastryan,
Rakryana Patih anembah,
wus putus dê Sanghulun,
punang pali-pali,
Sri Narêndra angucap,
"Kaki Tumenggung lumaku,
maring banwa Deha"
Sira Dmung maring Kling,
/118b/wawanen kang rêka iku,
katur ring Sri Wira Prabhu. 148.

/118b/Aluwaran Sri Nrepati,
kang otussan wus lumampah,
ndah tan koninga ring awwan,
wus prapting negeri,
sampun samma wus kahatur,
ring jeng Sri Naranatta,
karwwa mawas ring rerepi,
prasamma sira suka angrungu. 149.

Kang otusan wuwus amit,
Sri Narendra adandan,
kuneng Sri Nattěng Warawan,
mutus kang pali-pali,
pawarangan Raděn Galuh,
sopacara cumaddang,
prapta Sri Naranatěng Kling,
tinut Sri Natěng Deha tumandhuk.150.

Sri Natěng Kling sidampati/
samma prapta,
tumut Sri Natěng Deha,
Sri Maděwi dumulur,
wuwus samma prapti,
Sri Natěng Geglang amapag,
tumandhuk sirěng manguntur,
tur mara angucap,
"Kamayangan Sri Nrepatti,"
Sang prapta asmu guyu,
tur tumurun sareng lumaku. 151.

Ring salu kilyan inungsi dě/
Sang Natta,
karwa sampun prapta,
sira Panji gipih tumurun,
tumut Raděn Děwi,
/119a/kalih sira nembah ing yayah,
Sang sinembah sigra anambut,
Hyang Kělasa sinembah,
ring sapta sun-yěng mami,
Sang Natta munggah ring batur,
Sidampati samma alungguh. 152.

Sanga Panji wus alinggih,
ring dagan nira Sang Prabhu,
tumut salwir nishakara,
Sri Nrepatti Kling,
alon ta sira amuwus,
"Duh mas ingsun makarwan,
alamma děn ingsun anganti,
mamukti lara asangu uyung. 153.

Mangkě katmu sira kalih,
liwar sukanning twas ingwang,
lwir trenna latta maluru,
mangkě praptang riris,
sumepit sinwam alumung,
asehen chitta sumekar,"
Sira Panji angling aris,
"Duh singgih samakna pathik/
Sanghulun. 154.

Sri Natěng Kaděri angling/
duh mas ingwang,
Dyah Candrakěranna,
ampunanna Sanghulun,
kaya ngong wismreti,
taha tan mangkaněng nalla,
kinala-děsanning laku,
apwara wiyoggha,
sira mannira was syanti,
mangkě děn asih mas ingsun,
Nini pangulwanning tanu. 155.

/119b/Rahaděn Děwi anangis/
nirasabda,
wětning larěng nalla,
Sri Maděwi amekul,
"Duh mas ingsun Nini,
aywa sira agung wirangrong,
mangkě sih ing Hyang apupul,
ring Sri Naranatta,
tumut kakang irěki,
Raděn Děwi lilěng tanu,
sira Panji sigra muwus. 156.

/119b/"Duh singgih Sri Nrepati,
sammakna pathik Sangulun,
tuhu yan wisuddanning nalla,
ring bilasang kwiki,
Dyah Ratna Ajeng puniku,
sakradanêng Pakanira,
yayi Radên Singhamantri,"
Katrini Narêndra suka angrungu.157.

Amuwus Sri Natêng Kadêri,
dibya ramanniya iku,
Natêng Warawan angucap,
"Dên sih kaka aji,
ri wong gila lintang dasun,"
Sang Natêng Deha angucap,
"Sakarshan ira yayi,
sad wingsati kulem praptannêku".158.

Wus sumurup Sang Hyang Rawi/
atimbira,
Sri Natêng Kling angucap,
"Adandanna mas ingsun,
winarang sira Nini,
oma Asta Sêni wus amuja,
Sang inajnyan anuhun,
tumuli adandan,
/120a/kuneng Radên Dêwi,
sinalinan dêra Sang ibhu,
sopacarêng Dyah alangu. 159.

Adodot lungsir wilis si-/
nulaman,
dên ikang suwarnna,
asinjang rakta sumunu,
tinrapanning mas addi,
apaningset sutra kembang,
sinulam dên ing mas tatur,
mapanumbuk mirah,
ajamang madu kasilir,
pinatra-patrêng mas ajur,
akembang suwarnna alangu. 160.

Apinggel kmit adu manis,
amuwuh ing raras ayu,
sangha panji wus ayas,
rupan ira ngrawit,
munggwing danpha samma lungguh,
akaron sira lumampah,
sopacara rimihin,
agawok kang wong prasammanulu.161.

Tuhu yan murtinning Ratih,
pinangku dê Hyang Manasija,
prapta umungguh ring dampa,
anuluh ing bumi,
prapta sirêng salu agung,
rikang yasha pawarangan,
sopacara angrawit,
Sang Para-dwija saptha winuwus.162.

Wus putus kang pali-pali so-/
pacara,
wuwus namaskara,
ri padda Hyang Mahulun,
/120b/tumuli ngarasmreti,
jinaya-jaya Sang winarang,
sopacara wuwus putus,
sampun aluwaran,
sigra sira umanjing,
Sri Natta katrini tumut,
Sang winarang wus lumaku. 163.

Ring salu kilyan inungsi/
wuwus prapta,
ring yasha pawarangan,
sopacara alangu,
dinusannêng rukmi,
sinamiran lungsir syamma,
kinanda sapta alangu,
prapta Sang winarang,
winasuhan padda kalih,
pareng sira tumrapping salu,
ndah tan warnnannen puniku. 164.

/120b/Sottanning ahurup asih,
kuneng gumantya rahinna,
Sri Narêndra katrini mtu,
ring yawi tinangkil,
Patih Warawan atur sembah,
"Singgih patik Sri Narêndra,
anedda krandanna ring bênjing,
umiring ranak Sri Maha-prabhu. 165.

Si Rangga Wiradda apti,
anedda sira Kên Bayan,
kuneng Si Kbo Tanmundur,
Kên Sanggit kinapti,
kuneng Si Kbo Angun-angun,
anedda Kên Pasiran,
Kbo Prakasha kinapti,
/121a/Kên Pangunengan mustin-/
ning tanu. 166.

Asmu guyu Sri Nrepati tur/
angucap,
"Lah mara dalemman,
matur ring siranak ingsun,"
Kên Patih lumaris,
tumandhuk sira Sang kinayap,
asmu guyu amuwus,
"Paran karyyan nira,
Kaki Patih niwya prapti,"
Sang inajnyan lon umatur,
wisudda ring sêsthi tanu. 167.

Sira Panji suka angapi tur/
angucap,
"Dibya rammaniya,
minusthin ikang laku,
ana malih kinapti,
Rahadên Anarantaka,
Dyah Suksmasari tinemu,
sidan ing winarang,
Kryan Patih nuhun tur amit,
wus katur ri jeng Sang Prabhu,
aluwaran Sangahulun. 168.

Tan koningêng dina latri,
prasamma wuwus winarang,
liwar sukanirêng tanu,
andamma-ndama sih,
gumantya ta ya winuwus,
punang acara nila,
dateng ing Deha negari,
Rakryan Patih maka panghulu.169.

Tur anyugjug maring puri,
Rahadên Aryya kapapag,
/121b/sira Kryan Patih amuwus,
"Pareng marekka yayi,
ring Rahadên Galuh,"
Anut pareng lumampah,
Dyah Ratna Ajeng pinanggih,
sira Kryan Patih alon/
umatur. 170.

"Duh singgih Radên Dêwi/
ikang kahula,
kinên dê Sang Nattha,
tumut raka Sanghulun,
Rahadên Kretthapati,
angatur ring Mas Phangêran,
praptêng Warawan umungguh,"
Dyah Ratna Ajeng angucap,
"Suka ingsun We Patih,
ri sih ira kaka Indhu,
mangkê anuruh i ring sun". 171.

Sang Dyah sukayas sasalin/
sopacara,
tumuli lumampah,
ra wong ira dumulur,
wus prapti ring yawi,
munggah sira ring garebong,
sira Kryan Patih dumulur,
tan kawamnêng awan,
dina latri lumaris,
wus praptêng Warawan nagantun,
Sri Maha-dêwi tumandhuk. 172.

/121b/Tumut Radên Singhamantri,
mapag ri yawi larangan,
Dyah Ratna Ajeng tumurun,
Sri Madêwi angling,
"Maring dalemman mas ingsun,"
/122a/Dyah Ratna Ajeng angucap,
"Ih sapa ta ibu iki,"
Sri Madêwi alon amuwus. 173.

Rahadên Ino kang iki,
tumuli sigra lumampah,
dumunung ring salu kidul,
Sri Madêwi kinanti,
munggah maring salu agung,
wus pacoparêng pawarangan,
sumurup Sang Hyang Rawi,
Sri Maha-dêwi alon amuwus. 174.

"Duh mas ingsun sira Nini/
aywa lara,
mangkê sira winarang,
ring Sang catrêng negantun,
Radên Singhamantri,"
Dyah Ratna Ajeng kabaran,
tumurun apti malayu,
Radên Ino prapta,
ginamel Rahadên Dêwi,
tur munggah munggwing salu,
Sri Madêwi wus mantuk. 175.

Dyah Ratna Ajeng anangis/
asasambat,
"Ibu patte ingwang,
kaka Indhu paten ingsun,"
Radên Mantri angling,
"Sampun agung lara Pangêran,
dên asih sira i ring sun,
ring wong ina sraya,"
Sampun rinowang karasmin,
sopacarêng winarang wuwus,
/122b/Sri Maha-dwija amutus. 176.

Tan koningêng dina latri,
Sri Narêndra akasukan,
ana angalih sitangsu,
ring Warawan anganti,
mangkê adan umangsul,
tumut siranak ira,
angling Sri Natêng Kadêri,
"Duh Nini atma jiwan ingsun. 177.

Dên sih mangsulling Kadêri,"
Sang Dyah alon umatur,
"Duh singgih Sri Naranatta,
sampun agung branti,
wekas ingsun anuhun,
mangkê tumutti Sang Natta,
umara ring bhumi Kling,"
Sri Narêndra samma suka angrungu.178.

Dyah Ratna Ajeng anangis/
apti nuttha,
tan sinung dê Sang Nattha,
sampun ayas Sanghulun,
adandan lumaris,
prasama wus munggwing gilingan,
Sang Dyah garebong mundhut,
gumuruh lumampah,
ndan Sri Natthêng Kadêri,
wus adoh dên nira laku,
sampun prapta ring negantun. 179.

Kuneng Sri Natha ring Kling/
wuwus prapta,
ana ring swarajya,
lintang suka Sangahulun,
/123a/angubungi asih,
ring sira Dyah Candhrakêranna,
tumut Radên Indhu pinunjul,
ring sapraptan nira,
umurah negeri,
akwêh yan wuwusen ingsun,
putusning tatwa puniku. 180.

## KIDUNG PANJI SUMIRANG. GERIA GDE BALAYU. 99

### VII. PUH DMUNG. WI.

/123a/ Santawya gatin ing,
ngong wimuddha apunggung,
tuhu tar wruh ring winakti,
sudan ing widya pinupuh,
brantajnyanna anaputi,
tan ĕrang ginuyu-guyon. 1.

Singgih Hyang ing rasmi,
murti Hyang Mahulun,
linggenning Hyang Saraswati,
cakswa nis mreting ajugul,
ndhah tan kasarikking gati,
muddhanning nyanna winongwong. 2.

Wuwusning anggripta,
ring asrama dusun,
candhra siwang ari,
sita rasmin-ya swi sira,
sukla dashami,
Ki Rangga ring rĕka darmma,
doran-ya tutut masih,
panirwan-ya ring dangu,
mina rashin-ya kawuwus. 3.

Brahma molih lana,
pinepetting laku,
bayun-ya ring akshi,
/123b/ kaphalanning ratnangkara,
saka ring bhumi,
walut pasir jangga natha,
rakwa bwanna ring umur,
tatwanning ngawidya puniku,
tuhu tinuntinning laku. 4.

Dhuh sammahakna singgih,
brawitning muddha sangu uyung,
angdaning larati bara,
andajakrah amredi,
ndhah tar wnang asung suguh,
wĕtning krepa dalidra,
tar wruh angulati bhukti,
sok apti wruh amangan anginum. 5.

Tuhu kapwĕng Brahma Widdhi,
pinrettak ginuya-guya,
sudan ing mtu anggripta,
panalimur branti,
duran sambawa maluhung,
kadyanggan ikang kukunang,
andharung kenyar Hyang Sasih,
lwir namu-namu nembur Hyang Bhanu. 6.

------

Kabandungang antuk A. A. Istri ~~Adi~~ sareng rabi.